



TRUE
NORTH
RETREAT
THE COMPASS INITIATIVE



Gid lidè a

Yon retrèt san pran souf sou zafè finans pèsonèl nan wikenn sa pou pastè yo ak tout mari oswa madanm yo



Tab maty yo



- Prefas.....3
- Entwodiksyon.....4

- Yon kòmansman ki byen sèten: Oryantasyon ak prezantasyon yo.....6
- Yon kòmansman ki byen sèten: Abòde wont lan ak temwayaj finansye an # 1.....7

- Fondasyon finansye yo: Mete fwaye nou nan lòd sou zafè finans pèsònèl la.....9
- Fondasyon finansye yo: Temwayaj finansye # 2.....11
- Fondasyon finansye yo: Tab diskisyon.....12
- Fondasyon finansye yo: Mesaj devosyonèl “Fondasyon pou administrasyon bibliik la”.....13
- Fondasyon finansye yo: Pi bon kesyon finansye yo.....15
- Fondasyon finansye yo: Konstriksyon yon plan libète finansye.....17

- Pratik nan planifikasyon an: Etabli yon egzèsis pou bidjè a.....19
- Pratik nan planifikasyon an: Tab diskisyon.....21
- Pratik nan planifikasyon an: Bati yon egzèsis ki baze sou bidjè.....22
- Pratik nan planifikasyon an: Bati yon plan pou dèt ak plis.....23
- Pratik nan planifikasyon an: Egzèsis konstriksyon sou yon plan ki gen pou wè avèk dèt.....25

- Fè fas kare ak lavni an: Pwogram Inisyativ COMPASS yo.....26
- Fè fas kare ak lavni an: Jis reyalize yon egzèsis plan pou kesyon dèt la.....29
- Fè fas kare ak lavni an: Bati relasyon (Opsyon altènatif).....30
- Fè fas kare ak lavni an: Devwa kòwòt la.....31
- Fè fas kare ak lavni an: Kesyon ak repons avèk ekip anplwaye retrèt yo.....33
- Fè fas kare ak lavni an: Sèvis adorasyon ak Alyans.....34

- Entèvyou nan konklizyon an ak sòti a.....35

- Anèks yo.....36

Prefas

Konsèp Retrèt True North la se te youn nan pwogram orijinal yo ki devlope pou Inisyativ COMPASS la. Premye Retrèt True North lan te fè premye aparisyon li nan mwa janvyè 2018 sou lakou kanmpous Inivèsite Nazareyen Point Loma. Nan kòmansman, Retrèt True North la te yon gwo eksperyans. Tout moun ki enplike nan devlope ak fasilite premye RTN sa a te konnen ke se nou menm ki te pyonye nan yon bagay ki konplètman nouvo. Nou pa te gen okenn lidè si li ta byen resevwa oubyen reyalize kèk nan objektif ki te pwopoze yo nan konsepsyon ak devlopman an. Repons ak rezilta premye RTN la yo te tèlman remakab, nou te oblije prese chanje plan yo pou òganize senk retrèt pou pi piti olye pou nou te itilize plan orijinal la ki te baze sou twa. Ekip Inisyativ COMPASS la déjà òganize senk Retrèt True North avèk anpil envitasyon ke li te voye nan tout wit chan nan peyi Etazini. Temwayaj ki soti nan minis patisipan yo ak mari oswa madanm yo te konfime ke konsèp Retrèt True North la ak materyèl yo se resous valab ki dwe pataje ak lidè distri nou yo (Ou ka jwenn kèk nan temwayaj sa yo sou sit entènèt compassinitiative.org).

Nou espere ke resous sa a kapab itil ou epi li kapab sèvi antan ke yon benediksyon, déjà ke li ofri yon opòtinite pou minis yo ak mari oswa madanm yo nan distri ou al jwenn vrè libète finansye ak byennèt yo. Gid sa a ki pou lidè yo bay opsyon pou òganize yon RTN ki kapab adapte li nan nenpòt ki sitiyasyon distri a epi prezante ou “kòman” epi materyèl ki disponib pou òganiz retrèt yo trè efikas. Anpil nan minis nou yo ak mari oswa madanm yo ap viv ak yon nivo trè wo nan estrès akòz de defi finansye ke y’ap fè fas epi yo santi yo pa gen okenn moun pou y’al jwenn epi mande èd. Nou te jwenn ke patisipan TNR yo te trè vle yo vilnerab lè yo te santi yo an sekirite, epi yo te trè rekonesan pou opòtinite yo te genyen pou yo pale ansanm ak mari oswa madanm respektif yo, youn ak lòt antan ke kòlèg ak ekip ki fasilite RTN la Sèlman tan ap revele enpak enkwayab ou pral genyen sou lavi minis ou yo lè ou bay yo yon opòtinite pou patisipe nan yon Retrèt True North.

Gras ak lapè,

Doktè Stephen L. Borger

Direktè, Inisyativ COMPASS



Entwodiksyon



Byen vini nan Gid Lidè a pou òganize yon Retrèt COMPASS True North. Retrèt True North la te yon gwo eksperyans ak transfòmasyon pou anpil legliz Nazareyen ak mari oswa madanm yo. Nou kontan ke ou enterese nan ofri evènman sa a finansyèman pou w sove lavi minis ke ou genyen sou responsablite ou yo.

Nan paj sa yo, ou pral jwenn yon gid etap-pa-etap pou òganize pwòp retrèt ou yo. Chak seksyon nan gid la adrese yon sèl sesyon nan retrèt la, li fasilite:

1. Tit sesyon an,
2. Konsèp ki kle pou sesyon sa a,
3. Yon ti istwa tou kout konsènan filozofi nan sesyon sa a ansanm ak konsèy pratik ak sijesyon, epi anplis de sa
4. Yon deskripsyon pou ou itilize nan devlopman pwòp sesyon pa ou la.

Ou pral jwenn chak nan sesyon retrèt yo tou genyen kòd tou pa mwayen anpil koulè diferan pou koresponn ak chak nan kat mouvman yo nan devlopman Retrèt True North la. Retrèt la kòmanse ak etablisman yon anviwònman ki an sekirite pou konvèsasyon finansye yo (**Yon kòmansman ki byen sèten**). Aprè sa a, pou plase baz administrasyon bibliik lan ak jesyon finansye a (**Fondasyon finansye yo**). Aprè sa a, patisipan yo jwenn tan pou kreye yon bidjè ak plan pou diminye dèt (**Pratik nan planifikasyon an**). Retrèt la dwe fini ak anpil lide sou pwochen etap ak fòmasyon gwoup kòwòt yo ki pral rankontre pandan ane k'ap vini an (**Fè fas kare ak lavni an**).

Pifò nan prezantasyon ke nou te itilize nan Retrèt orijinal COMPASS True North nou yo disponib pou ou sou fòm maniskri ak PowerPoint nan **Anèks J** ak **Anèks I** nan fen gid sa a. Yo disponib tou sou sit entènèt COMPASS Initiative pou telechaje endividyèlman. Ou lib pou w modifiye epi adapte yo nan pwòp fason ak estil pa ou. Nou senpleman mande pou ou kenbe entegrite objektif la pou chak sesyon.

Pou ede ou planifye ak òganize pwòp retrèt True North ou a, nou te rive fè yon analiz ki gen pou wè ak kantite lajan w'ap bezwen ki nan (**Anèks G**) ki baze sou eksperyans nou nan òganizasyon retrèt sa yo. Ou pral jwenn yon varyete modèl kominikasyon tou tankou yon echantiyon envitasyon pou retrèt (**Anèks A**), yon fòmilè enskripsyon pou patisipan yo (**Anèks C**), yon lèt enstriksyon ak devwa avan retrèt la (**Anèks D** ak **Anèks E**), osi byen ke yon kopi Akò Patrisipan Retrèt True North la nan (**Anèks B**). Resous sa yo disponib tou pou telechaje endividyèlman sou sit wèb COMPASS Initiative la.



Entwodiksyon



Gid lidè sa a baze sou retrèt k'ap dire twa jou. Nou konnen byen ke òganize yon retrèt nan wikenn pou pastè yo ki toujou okipe, se yon bagay ki vrèman difisil e menm vin yon gwo defi, epi pafwa li pa posib, se poutèt sa ke nan **Anèks F**. La w'ap jwenn pwogramasyon ki opsyonèl pou retrèt ki kapab dire youn oubyen de jou. Sepandan, nou ankouraje ou fòtman pou ke w mete yon bon kantite tan apa pou ke w rive reyalize evènman sila a yon gwo pati nan valè retrèt la baze senpleman nan kreye yon peryòd pwolonje ki lwen distraksyon lavi ak ministè pou minis ak mari oswa madanm kapab genyen konvèsasyon ki nesèsè youn ak lòt konsènan finans yo. Tanpri kenbe sa a nan tèt ou menm jan ou detèmine kantite tan retrèt la nan anviwònman ou lan.

Yon lòt benefis ki gen anpil valè nan Retrèt True North la se fòme nouvo relasyon ak kòlèg ministè yo epi apwofondi relasyon ki etabli yo. Nan retrèt sa a, genyen yon nouvo nivo otantisite ak vilnerabilite ki etabli. Sa a se kapab yon premye fwa ke kèk pastè pale sou difikilte finansye yo ak yon lòt moun. Retrèt sa a fèt nan lide pou ke yo kapab rann yo kont ke yo pa pou kont yo. Anpil pastè ap fè fas ak menm defi finansye yo, epi yo ka aprann sipòte youn ak lòt jiskaske yo kòmanse aplike nouvo plan pou depans yo, ekonomi, bay ak touche.

Pou ankouraje aspè relasyon an nan retrèt la, nou ankouraje w kòmanse pa bay yon repa. Di patisipan yo byenvini nan yon fèt kote se yo menm ki envite donè. Ba yo kèk tan pou yo detann yo, pou yo konnen youn lòt epi prepare yo pou yon fen semèn ki pral chanje lavi yo.

Nou priye pou ke resous sa kapab ede ou òganize yon retrèt transfòmatè lavi pou minis ki anba kontwòl ou yo. Nou rete kwè ke an mezi ke distri nou an vin atache ak administrasyon bibliik ki pi fò yo, l'ap vin pi fò epi konfyan nan preche ak anseye prensip sa yo nan kongregasyon yo.

Yon kòmansman ki byen sèten: Oryantasyon ak prezantasyon yo

Konsèp kle yo:

1. Byenveni
2. Enfòmasyon debaz sou òganizasyon
3. Prezantasyon anplwaye yo
4. Remèt fòmilè oto-evalyasyon avan retrèt la

Sèvi ak tan sa a pou w prezante tèt ou bay patisipan yo, pandan w'ap bay yon detay sou chak anplwaye ke w te chwazi pou travay bò kote ou. Eksplike ki wòl chak moun pral ranpli (pa egzanp, prezantatè, temwayaj, konseye). Pataje kèk enfòmasyon patikilye “netwayaj” ke patisipan yo ap bezwen pandan retrèt la, tankou enfòmasyon sou kote twalèt la ye, direksyon kote antre ak sòti a ye, oswa ti goute ak kafe.

Distribye yon kaye patisipan pou chak moun, konsa tou de mari ak madanm nan kapab genyen kopi pa yo. Dirije yo nan Fòmilè Pre-Retrèt la, epi ba yo kèk minit pou konplete evalyasyon an. Chak kaye ta dwe gen yon nimewo inik enprime sou kouvèti a. Mande patisipan yo ekri nimewo kaye yo nan evalyasyon pa yo a, epi enstwi yo pou ke yo konsève menm kaye a pandan tout wikenn lan.

Gen yon evalyasyon ki gen pou fèt aprè, li menm li nan fen kaye a, sa ke ou pral mande yo ranpli nan fen retrèt la. Yo pral bezwen sèvi ak menm nimewo kaye inik la nan evalyasyon sa a tou. Sa pral pèmèt ou mezire enpak retrèt la chak moun.

Yon kòmansman ki byen sèten: Abòde wont lan ak temwayaj finansye an # 1

Konsèp kle yo:

1. Tout moun santi yo wont.
2. Vilnerabilite ak senpati yo se remèd pou wont lan.
3. Sa a se yon kote ki an sekirite.

Sesyon sa a se kreye yon anviwònman ki an sekirite pou patisipan yo, e yo dwe onèt sou zafè finans yo. Pa pran sesyon sa a alalejè. Li pral mete yon fondasyon ki solid pou travay difisil ke patisipan yo sou wout pou yo angaje tèt yo.

Li kapab sanble kontradiktwa, men premye pwèn ki gen pou debat la se koze wont lan. Pifò, si se pa tout, nan patisipan yo ap fè eksperyans kèk nivo lawont konsènan sitiyasyon finansye yo. Wont lan se pwovèb “elefan ki nan sal la” se konsa non li rele. Pale osijè de sa. Fè yon ti edikasyon osijè de wont lan. Travay Doktè Brené Brown sou kouraj ak wont lan se yon bagay ki trè enteresan. Ede patisipan yo konprann ke wont lan se yon bagay ki komen epi li se yon bagay ki kapab simonte tou. Senpati se remèd wont lan; sepandan, wont lan dwe manifeste pou ke li kapab resevwa senpati a. Sa mande yon gwo demonstrasyon lafwa.

Pale osijè de pwoblèm sa yo ki lakòz wont lan ak rekonèt santiman wont lan mande pou pran risk ak sansiblite. Se poutèt sa, li esansyèl pou ou menm, lidè yo, nou se modèl kalite vilnerabilite ak senpati sa. Youn nan lidè yo, depreferans yon minis ak mari oswa madanm, dwe fè premye pa a ouvètman nan retrèt la pou pataje onètman sou eksperyans wont ke yo santi konsènan wont lan. Antan ke moun ki pataje pwòp istwa pa ou, pataje kijan li afekte maryaj ou ak enpak li sou ministè ou. Mete yon egzanp nan senpati ak konpasyon pou tèt ou (ak mari oswa madanm ou) pandan w ap pale sou pase ou. Lè sa a, eksplike sa ou te fè oswa sa ou te eksperimante ki te pote yon chanjman pozitif nan lavi w. Fini avèk siksè ou yo. Ki jan sitiyasyon finansye ou fè diferan jodi a? Pou kisa oswa ki jan ou santi ou yon fason diferan jodi a? Kisa ki chanje nan fwaye ou ak nan ministè ou?

Sa ki anba la a se yon deskripsyon Sesyon 1 ki soti nan retrèt orijinal COMPASS True North. Ou ka vle gen yon konseye ki resevwa fòmasyon pou prezante enfòmasyon sou lawont, men pastè a ki pataje temwayaj la nan sesyon sa a kapab prezante kontni ki trete dosye wont lan si li genyen yon konpreyansyon debaz sou pwoblèm wont lan.

Yon kòmansman ki byen sèten: Abòde wont lan ak temwayaj finansye an # 1

Plan:

I. Wont: elefan an nan sal la

- A. Rekonèt wont lan
- B. Rechèch doktè Brené Brown nan sou dosye wont lan
- C. Wòl vilnerabilite ak senpati a
- D. Diferans nan sèks

II. Ki jan wont finansye a afekte yon pastè

- A. Wont finansye mwen an
 - 1. Dèt sou kat kredi
 - 2. Mank de kontwòl tèt ou
- B. Enpak li sou ministè mwen
 - 1. Mwen pata janm sijere yon plan etid finansye pou ti gwoup yo
 - 2. Mwen pat janm anseye / preche sou zafè administrasyon an
 - 3. Yon move sèvis pou moun mwen te sèvi yo
- C. Ki sa ki diferan kounye a
 - 1. Pale sou finans nan yon kontèks fòmasyon pou disip
 - 2. Pataje espwa ak lòt moun
 - 3. Kreye espas kote wont lan kapab abòde ak tout senpati

III. Ki jan wont finansye a afekte fanmi pastè a

- A. Wont finansye mari oswa madanm mwen an
 - 1. Istwa Sisifis la: kondane nan pouse yon wòch monte sou tèt mòn nan sèlman pou li kapab tounen woule desann anba ankò
 - 2. Yon tit nan administrasyon antrepriz pa egal ak yon bon administrasyon finansye
 - 3. Sik nan dèt: travay di pou soti nan dèt, tounen tonbe nan dèt ankò..
- B. Enpak wont lan nan maryaj nou an
 - 1. Goumen anpil pou lajan an
 - 2. Batay anpil pou pouvwa
 - 3. Yon moun dekonekte epi lòt la pote pèz la
- C. Ki sa ki te fè yon diferans
 - 1. *Financial Peace University* [Inivèsite kè poze finansye a]
 - 2. Nan viv fòterès nou yo
 - 3. Fè fas a finans yo antan ke yon ekip
 - 4. Responsablite

Fondasyon finansye yo: Mete fwaye nou nan lòd sou zafè finans pèsonèl la

Konsèp kle yo:

1. Sitiyasyon finansye ou a pa defini kilès moun ke ou ye.
2. Revni yo dwe pi gwo pase depans yo.
3. Pratike rekonesans, jenerozite ak rèv ou yo.
4. Chanjman an difisil anpil, EPI chanjman an vo li.

Aprè ou fin kòmanse ak sijè wont lan ki tèlman gen pèz, pwochen sesyon sa a vin pi lejè. Louvri sesyon an ak yon pè nan klip videyo komik sou lajan, tankou klip *Saturday Night Live* [Samdi nan aswè] nan videyo, “*Don’t Buy Stuff*” [Pa achte anpil bagay] ak komedyen Tim Clue ak klip li, “*Tim Clue Debt*” [Dèt Tim Clue a]. Lè sa a, tranzisyon nan de premye sesyon videyo yo nan “*God Owns it All*” [Se Bondye ki Mèt Tout Bagay] pa Ron Blue.

Prezantasyon ki rete a se yon ti kout je tou kout sou aspè emosyonèl finans nou yo. Fè patisipan yo konnen ke sitiyasyon finansye yo pa defini kilès moun ke yo ye. Idantite yo se nan Kris la. Malgre ke se pou fè bidjè, ekonomize ak peye dèt yo se konsèp ki senp, yo ranpli avèk emosyon, ak chak mari oswa madanm gen pwòp eksperyans emosyonèl pa li, istwa, ak rèv pou tan k’ap vini an. Li enpòtan pou w konprann wòl emosyon yo nan desizyon finansye yo epi fè yo sonje ke yo se yon sèl ekip.

Kòm patisipan yo kòmanse reflechi sou bidjè yo, yo pral bezwen fè kèk travay di epi poze tèt yo kèk kesyon difisil. Konbyen ki ase? Èske mwen vle fè chanjman ki nesèsè yo? Èske mwen ka kontante mwen ak sa mwen genyen? W’ap bezwen ankouraje patisipan yo sou devlopman kèk abitud ki an sante tankou si yo te jenere, pratike rekonesans ak peye dim, pandan ke y’ap reve ak fikse objektif.

Finalman, rekonèt difikilte pou fè chanjman finansye ki enpòtan yo. Li ka enplike konpwomi ak sakrifis. Yo ka santi yo mal alèz ak prive. Sepandan, fè yo sonje tout benefis ki genyen nan fè chanjman enpòtan yo, tankou mwens estrès, yon maryaj an sante ak espwa pou tan kap vini an.

Sa ki anba la a se yon deskripsyon sou sesyon sa a ki soti nan retrèt orijinal COMPASS True North la. URL videyo yo disponib nan [Anèks H](#).

Plan:

I. Montre videyo yo

- A. *Saturday Night Live* clip, “*Don’t Buy Stuff*” [Pa achte anpil bagay]
- B. Tim Clue, “*Tim Clue Debt*” [Dèt Tim Clue a]
- C. Ron Blue, “*God Owns it All: Perspective*” [Bondye posede tout bagay: Pèspektif]
- D. Ron Blue, “*God Owns it All: Principles*” [Bondye posede tout bagay: Prensip yo]

Fondasyon finansye yo: Mete fwaye nou nan lòd sou zafè finans pèsonèl la

II. Kòmanse nan kòmansman an

- A. Sitiyasyon finansye ou anm pa defini kilès moun ke ou ye.
- B. Yon relasyon ki an sante ak mari oswa madanm ou se yon bagay ki genyen anpil enpòtans.
- C. Emosyon jwe yon wòl kritik nan desizyon finansye nou yo, aksyon ak reyaksyon yo.

III. Krete yon bidjè

- A. Revni yo dwe pi gwo pase depans yo.
- B. Travay ansanm: nou se yon ekip.
- C. Anbrase sa... li pi fasil pou di li ke fè !

IV. Evalue sitiyasyon w lan

- A. Onètman, gade ki kote ou ye.
- B. Konbyen ki ase?
- C. Se pou w toujou kontan.
- D. Se pou ou toujou prè pou w chanje.

V. Pratike rekonesans ak jenewozite

- A. Krete yon "Journal rekonesans".
- B. Se pou w jenere... pafwa avèk lajan.
- C. Peye dim epi ekonomize.

VI. Fè bidjè pou objektif ou yo epi reve rèv ou yo

- A. Kòmanse ak objektif ki pap dire.
- B. Devlope objektif k'ap dire.
- C. Pa bliye reve!

VII. Dezavantaj nan fè chanjman lavi

- A. Li posib pou ke abitud depi lontan yo kapab oblije disparèt.
- B. Tout moun nan fanmi an ka oblije sakrifye.
- C. Li ka trè mal alèz, omwen pou yon tan.
- D. Li posib pou w menm vle bay legen.
- E. Ou kapab santi w trè pèsonèl.

VIII. Avantaj ki genyen nan fè chanjman nan lavi a

- A. Mwens estrès
- B. Yon relasyon maryaj pi pwòch
- C. Pi bon oto-disiplin nan
- D. Estim de swa an sante
- E. Lapè nan tèt ou

Fondasyon finansye yo: Temwayaj finansye # 2

Konsèp kle yo:

1. Lidè ki respektab yo gen pwòp istwa yo nan batay finansye a.
2. Tout moun gen yon bagay pou yo aprann ak plizyè domèn pou kwasans.
3. Genyen anpil gwo objektif ki kapab rive reyalize avèk yon senp chanjman konpòtman.

Sesyon sa a se yon lòt opòtinite pou ou menm oswa yon lòt lidè retrèt la demontre kouraj, vilnerabilite ak senpati pandan w'ap pataje yon lòt istwa batay finansye ak viktwa. Patisipan yo bezwen wè lidè yo sansib pou pataje echèk finansye yo ak siksè yo. Temwayaj sa a ta dwe soti nan yon pastè ki respektab ki se yon moun ke patisipan yo kapab idantifye yo. Temwayaj la pa dwe yon istwa dramatik oswa ekstrèm. Senpleman pataje lit finansye yo ki komen pou pifò pastè (dèt edikasyon, revni ki ba, mank de ekonomi, elatriye) epi eksplike ki pratik oswa konpòtman ki te fè yon diferans ka enspire patisipan yo nan mitan batay la.

Sa ki anba la a se deskripsyon temwayaj ki te pataje nan retrèt orijinal COMPASS True North yo. Li pat anyen dramatik, men li te demontre ki jan kèk chanjman senp te fè yon gwo diferans.

Plan:

I. Defi finansye nou yo

- A. \$ 20,000 dèt
- B. Pwoblèm kominikasyon
- C. Pa travay kòm yon ekip

II. Ki chanjman nou te fè

- A. Volonte pou antre nan yon pwogram finansye
- B. Fikse objektif yo ansanm
- C. Etabli limit pou nou te ka di “wi” nan bon bagay yo

III. Rezilta etonan

- A. Peye dèt yo nan mwens pase yon ane
- B. Amelyore relasyon
- C. Ogmantasyon estim de swa ak konfyans lan

Fondasyon finansye yo: Tab diskisyon

Konsèp kle yo:

1. Kòmanse bati relasyon ak konfyans.
2. Oto-revelasyon nan yon nivo ki an sekirite.

Ideyalman, ou te kapab kòmanse retrèt la ak yon repa ansanm pou etabli ak nourri relasyon ant koup pastoral yo. Si non, ebyen tab diskisyon sa a la kapab premye fwa ke koup yo te rankontre oswa pale youn ak lòt. Nan ka sa a, yo ka bezwen prezante tèt yo. Entansyon egzèsis sa a se kòmanse bati relasyon yo epi bati konfyans lan.

Mande patisipan yo pou yo pataje lide yo oswa reyaksyon yo sou devwa yo ak lòt moun ki sou tab yo. Asire ou ke ou di patisipan yo ke yo lib pou ke yo pataje tankou ti kras oswa otan ke yo santi yo alèz. Pa gen moun ki ta dwe santi yo fòse pou ke yo pataje, okontrè, se pou yo tout ankouraje pou yo kòmanse mete yo alèz ak tout moun ki bò tab yo. Fen semèn sa a gen pou objektif ede nou onèt ak finans nou yo epi jwenn yon nouvo chemen pou nou kontinye pou pi devan. Sou chans, premye sesyon yo te kreye yon anviwònman ki an sekirite kote patisipan yo pral kapab pratike sansiblite yo ak “tès dlo yo”.

Pran yon moman pou raple patisipan yo ke li posib pou ke tout moun pwobableman santi yo mal alèz epi gen kèk nivo wont. Men, ankouraje yo pou yo koute youn ak lòt avèk senpati. Nivo sa a pou pataje a ta dwe sou risk, men li pral ba yo yon opòtinite pou ke yo pratike bay ak resevwa senpati, kidonk bati konfyans.

Plan:

- I. Bay enstriksyon pou diskisyon sou tab yo.
- II. Gwoup ki sou tab yo pataje anpil lide ak reyaksyon nan “enstriksyon pou fè devwa yo”.
- III. Mete fen pa mwayen lapriyè.

Fondasyon finansye yo: Mesaj devosyonèl “Fondasyon pou administrasyon bibliik la”

Konsèp kle yo:

1. Fidèlite avèk finans nou yo se baz administrasyon an.
2. Jenewozite a se yon karakteristik ki soti nan Bondye ak Legliz li a.
3. Sakrifis se yon atitud espiyèl ak disiplin kote Bondye souvan rele nou.

Sesyon sa a se yon teyoloji nan zafè administrasyon. Li se yon mesaj relijye oswa prèch sou fondasyon administrasyon bibliik la. Yon triyang oswa piramid se tèm vizyèl ki montre twa nivo jesyon an.

Nivo ki premye a epi ki fondamantal la se “Fidelite”. Baze nan Lik 12:48, fidelite a se yon aksyon ki baze sou konpreyansyon sou sa ke nou genyen (lajan, tan, talan, resous) ki soti nan Seyè a. Nou espere ke nou se bon jeran tout sa ke Bondye te ban nou nan fason ki reprezante wayòm li an. Sa a sètènman enplike nan dim, men li se pi plis pase peye dim.

Dezyèm nivo a se “Jenewozite”. Chapit 2 Korentyen 8 ak 9 la genyen anpil bagay sou lide jenewozite epi li anseye ke jenewozite a posib menm nan mitan povrete. Chapit sa yo gen yon egzanp sou jenewozite, yon egzòtasyon sou jenewozite, ak yon ankourajman pou jenewozite a. Li genyen tou sis prensip jenewozite bibliik nan chapit 9 la.

1. “Nou pral rekòlte sa nou simen” v. 6
2. “Bondye renmen moun ki bay ak kè kontan” v. 7
3. “Gras Bondye a an kantite” v. 8
4. “Jenewozite a miltipliye rekòt la” v. 10-11
5. “Jenewozite a ankouraje lòt moun” v. 13
6. “Jenewozite a pwodwi lapriyè, pwisans ak louwanj” v. 14

Twazyèm nivo a, nivo ki pi wo a, se “Sakrifis”. Fondasyon fidelite a soutni pratik jenewozite a, epi se sèlman aprè fidelite ak jenewozite a yo klèman etabli ke pratik sakrifis la ka fèt vre. Sèvi ak pawòl wa David la ki soti nan 2 Samyèl 24:24, sa ke nou ofri bay Bondye dwe genyen yon pri ki pèsònèl. Sa a se seksyon ki pi piti nan triyang lan oswa piramid la. Li rive mwens souvan. Men, gen kèk fwa administrasyon resous Bondye a mande yon sakrifis pèsònèl.

Sa ki anba la a se deskripsyon devosyonèl la nan retrèt orijinal COMPASS True North la. Yon maniskri konplè ki disponib nan [Anèks J](#).

Fondasyon finansye yo: Mesaj devosyonèl “Fondasyon pou administrasyon bibliik la”

Plan:

I. Piramid pou administrasyon bibliik la

- A. Fidelite a nan pati ki anba a
- B. Jenewozite a se pwochen nivo a
- C. Sakrifis la anlè nèt

II. Fidelite

- A. Lik 12:48, “Tout moun ke yo te bay anpil, yo pral mande li anpil...”
- B. Fidelite a se pa sèlman sou sa moun **yo ye**, men sitou sou sa ke moun **yo fè**.
- C. Administrasyon bibliik sou finansye an reyèlman **kòmanse** avèk ladim, men se pa **sèlman** ladim.

III. Jenewozite

- A. 2 Korentyen 8: 2, “Après esè ki plis sevè a, lajwa li ki debòde a ak povrete ekstrèm yo soti nan yon jenewozite ki rich”.
- B. Twa tèm jenewozite nan 2 Korentyen 8 ak 9
 - 1. Yon egzanp sou jenewozite
 - 2. Yon egzòtasyon pou jenewozite a
 - 3. Yon ankourajman pou jenewozite a
- C. Sis prensip bibliik nan 2 Korentyen 9
 - 1. “Nou pral rekòlte sa nou simen” v. 6
 - 2. “Bondye renmen moun ki bay ak kè kontan” v. 7
 - 3. “Gras Bondye a an kantite” v. 8
 - 4. “Jenewozite a miltipliye rekòt la” v. 10-11
 - 5. “Jenewozite a ankouraje lòt moun” v. 13
 - 6. “Jenewozite a pwodwi lapriyè, pwisans ak louwanj” v. 14

IV. Sakrifis

- A. 2 Samyèl 24:24, “Mwen pap jam ofri Bondye m nan, Seyè mwen an yon sakrifis ki pa koute m anyen”.
- B. Vrè sakrifis la ra anpil.
- C. Pafwa louwanj lan egzijè yon sakrifis.

Fondasyon finansye yo: Pi bon kesyon finansye yo

Konsèp kle yo:

1. Nan yon fason ki serye, ou dwe jere ak pwoteje finans ou yo.
2. Abitid finansye ou yo fè yon diferans.
3. Petèt ou pap menm bezwen tout sa ke w'ap panse fè a.
4. Itilize fòs mari oswa madanm ou ak ou pou w travay ansanm nan lide pou w reyalize objektif finansye ou yo.

Nan kèk fason, sesyon sa a se sou pi bon pratik finansye yo, men pi bon pratik la se poze tèt ou kesyon yo konsènan finans ou yo. Prezantasyon an baze sou twa kesyon kle pou poze tèt ou.

Premye kesyon an se, “Èske lavi finansye mwen an byen òganize ak pwoteje?” Diskite sou sijè tankou resous bidjè yo, fwod ak vòl idantite, rapò sou kredi gratis ak etablisman yon fon ijans.

Dezyèm kesyon an se, “Ki sa ki depans sa yo ki dire lontan nan abitid finansye mwen an?” Diskite sou sijè tankou nòt kredi, itilizasyon kat de kredi nan yon fason ki apwopriye, antretyen nan machin ak kay la twò souvan ak depans anplis ki pa twò nesèsè.

Twazyèm kesyon an se, “Konbyen ki ase?” Sa a kapab kesyon ki pi difisil epi ki pi ka chaje plis emosyon, men li se yon kesyon ki vrèman esansyèl ke chak disip Jezi ta dwe poze tèt li li mèt fi oubyen gason. Diskite sou sijè tankou nesèsite pou genyen dènye mak aparèy elektwometrik ki fèk parèt sou mache a, fè makèt sou rabè epi viv yon lavi ki pi senp.

Fè konklizyon an avèk yon deskripsyon jeneral ki bwèf sou envantè DiSC® pèsonalite a. Pifò moun ka idantifye tèt yo nan youn nan kadran yo. Pataje fason ke chak kalite pèsonalite apwoche tèm lajan an. Ede patisipan yo konprann pwòp apwòch pa yo pandan y ap apresye tou apwòch madanm respektif yo. Dirije patisipan yo nan paj pwofil DiSC® yo nan kaye patisipan yo.

Sa ki anba la a se yon deskripsyon sesyon an ki soti nan retrèt orijinal COMPASS True North lan. Yon prezantasyon PowerPoint ak maniskri ki disponib nan **Anèks I** ak **Anèks J** epi yo disponib pou telechaje endividyèlman nan compassinitiative.org.

Fondasyon finansye yo: Pi bon kesyon finansye yo

Plan:

I. Pi bon pratik la se poze kesyon ki kòrèk yo.

II. Twa kesyon pou poze tèt ou

- A. Èske lavi finansye mwen òganize ak pwoteje?
 - 1. Èske mwen fè yon bidjè chak mwa epi swiv li?
 - a. Mint.com
 - b. Everydollar.com
 - c. YNAB.com
 - 2. Èske mwen siveye kont mwen pou fwod oswa vòl idantite?
 - 3. Èske mwen te gen aksè nan rapò kredi gratis mwen yo?
 - a. AnnualCreditReport.com
 - b. Yon rapò anyèl ki soti nan chak nan twa ajans yo
 - 4. Èske mwen gen yon fon ijans?
 - a. Konbyen mwen bezwen?
 - b. Kòman sa pral pwoteje mwen kont dèt yo alavni?
- B. Ki depans alontèm m'ap fè pou abitud finansye mwen yo?
 - 1. Èske mwen konnen pwen kredi mwen an?
 - 2. Èske mwen itilize kat kredi mwen pou m resevwa rekonpans?
 - 3. Èske mwen neglijje antretyen an?
 - 4. Èske dèt kat kredi mwen an transfere soti nan yon mwa pou antre nan yon lòt mwa?
 - 5. Èske mwen depanse nan atik liksye?
- C. Konbyen ki ase?
 - 1. Èske mwen bezwen dènye gadjèt la?
 - 2. Èske mwen ka jwenn rad ki pa genyen gwo mak nan magazen ekonomik la?
 - 3. Èske li posib pou ke mwen senplifye lavi mwen?

III. Konprann sa ki motive m ak mari oswa madanm mwen pou ke nou atenn objektif nou yo.

- A. Eksplike envantè pèsonalite DiSC® la
- B. Ki kote mwen anfòm sou DiSC® la?
- C. Kote mari oswa madanm mwen ye sou DiSC® la?
- D. Èske nou ka travay ansanm pou ke nou atenn objektif nou yo?

Fondasyon finansye yo: Konstriksyon yon plan libète finansye

Konsèp kle yo:

1. Konprann yon deklarasyon vizyon.
2. Konprann objektif “SMART” [“ENTELIJAN”] pou reyalize deklarasyon vizyon an.
3. Konprann konsèp bidjè a.

Endike patisipan yo pou yo ale nan paj plan libète finansye an ki nan kaye yo a. Ou pral bay tan pita pou ke yo konplete paj sa a. Pou kounye a, w ap tou senpleman entwodwi yo lide yo ki prezante ladan li an.

Premye lide a se deklarasyon vizyon an. Ki sa yo vle reyalize a, kòm patisipan vle reyalize kòm yon rezilta nan evènman sa a? Èske yo vle soti nan dèt? Èske yo vle pou yo pare pou pran retrèt? Èske yo vle kominike sou finans pi byen? Ede yo panse ak reve sou kijan avni finansye yo ta kapab ye.

Pwochen etap la, apre yo fin kreye yon deklarasyon pou vizyon an, se mete objektif yo an plas pou ke w kapab reyalize vizyon sa a. Anpil ladan yo pral abitye avèk objektif “SMART” [“ENTELIJAN”] yo, men pran yon ti tan pou w revize lide a. Bay egzanp espesifik pou reyalize yon vizyon finansye.

Nan twazyèm pozisyon, pran yon ti tan pou w eksplike kijan yon bidjè fonksyone. Genyen anpil moun ki pa konnen ki jan pou yo fè yon bidjè. Pa mete nan tèt ou ke tout moun nan sal la deja konprann siyifikasyon an. Paj plan libète finansye a nan kaye patisipan an gen yon seksyon ki gen tit, “Etap pou libète finansye a” ki ka yon referans ak rapèl pou patisipan yo lè yo kòmanse bidjè yo pita.

Sa ki anba la a se deskripsyon seksyon sa a nan retrèt orijinal COMPASS True North.

Fondasyon finansye yo: Konstriksyon yon plan libète finansye

Plan:

- I. Louvri kaye patisipan yo nan paj plan libète finansye a.
- II. Prezante lide yon deklarasyon vizyon finansye.
- III. Prezante lide objektif “SMART” [ENTELIJAN] yo.
 - A. *Specific* [Espesifik]
 - B. *Measurable* [Mezirab]
 - C. *Action-oriented* [Oryante nan aksyon an]
 - D. *Realistic* [Reyalis]
 - E. *Timely* [Alè]
- IV. Revize kijan yon bidjè fonksyone.
 - A. Plis revni ke depans
 - B. Dim nan an premye
 - C. Ekonomize 3%
 - D. Kòmanse avèk pèman minimòm pou dèt yo

Pratik nan planifikasyon an: Etabli yon egzèsis pou bidjè a

Konsèp kle yo:

1. Devlope yon deklarasyon vizyon finansye kòm yon koup.
2. Etabli objektif "SMART" [ENTELIJAN] yo nan tèt ananm.
3. Kreye yon bidjè ki byen ekilibre.

Sa a se premye blòk tan pou ke moun ki marye yo kòmanse travay sou pwòp finans yo. Ou pral vle asire ke gen ase espas fizik pou ke moun ki marye yo kapab genyen privasite yo nan tout konvèsasyon yo ak espas pou travay ananm. Sa mande yon bon siyal Wi-Fi tou pou ankouraje yo kòm anpil patisipan yo pral vle jwenn aksè pou enfòmasyon bankè sou entènèt / prè yo. Ankouraje patisipan yo gaye epi itilize espas ki disponib yo. Dirije yo nan paj plan libète finansye a nan kaye a ak fèy travay bidjè chak mwa nan paj sa a.

Chak koup ap gen de kaye, kidonk yo ka itilize youn nan kaye yo kòm bouyon oswa kopi travay yo epi sèvi ak lòt kaye a pou plan final yo. Li se yon bon lide tou pou ke genyen kèk kopi siplemantè nan Fèy travay bidjè chak mwa a ki disponib. Yo kapab byen nesèsè! Lyen nan fichye bidjè ki diferan yo nan òganizasyon tankou *Crown Financial* ak *Financial Peace University* Dave Ramsey la ki disponib nan **Anèks K**. Fèy Travay Planifikasyon Revni Iregilye Ramsey la itil pou pastè ak mari oswa madanm ki gen revni kondisyonèl yo oubyen iregilye. Ou ka vle gen kèk kopi nan sa tou.

Anvan w kite koup yo pou yo fè travay yo, eksplike yo ke ou menm ak rès anplwaye retrèt yo disponib pou ba yo sipò. Elabore yon bidjè se travay yo, men ou la pou w ede yo lè sa nesèsè. Anplwaye a ap bezwen ouvè epi disponib pou reponn kesyon, gade bidjè a epi fè sijesyon, epi pataje pwòp eksperyans pa w yo. Raple patisipan yo ke yo pa planifikatè finansye oswa avoka piblik (sof si youn nan yo di ou sa); se poutèt sa, wòl ou se wòl antrenè ak kanmarad vwayaj.

Si ou gen yon sikològ oubyen yon konseye pwofesyonèl ki disponib nan retrèt la, kite patisipan yo konnen ki jan ak ki kote y'ap kapab jwenn aksè avèk yo. Kalite konvèsasyon finansye a gen potansyèl pou ke li chofe oubyen yo kapab atire atansyon moun yo sou ansyen blese ke yo te genyen depi byen lontan. Pafwa koup la ap bezwen yon ti asistans nan travay kominikasyon yo.

Pratik nan planifikasyon an: Etabli yon egzèsis pou bidjè a

Kòm yon antrenè, ou pa yon ekspè nan dosye finans, men ou gen yon pèspektiv ki tou nèf lè w ap gade yon bidjè pou premye fwa. Evite di patisipan yo kisa yo dwe fè ak lajan yo; olye de sa, poze yo kesyon ki pral ede yo fè pwòp chwa yo. Pa egzanp, yon koup ki gen difikilte nan balans bidjè yo ka mande w voye je sou bidjè yo. Ou remake ke yo te fè bidjè pou \$ 300 / mwa pou episri epi \$ 800 / mwa nan manje deyò. Mande yo si yo te konsidere si yo ta ka kwit manje lakay yo pi souvan. Li posib pou w ta mande, “Èske ou reyèlman nan nesosite...?” “Èske ou kapab rete SAN sèvis asirans?” “Èske ou te achte pi bon plan pou telefòn nan?”

Se pou w disponib san mank. Ofri asistans san w pa ofanse moun. Koute avèk senpati. Fè fas ak defi yo avèk lanmou.

Plan:

- I. Dirije patisipan yo nan paj ki kòrèk yo nan kaye yo.
- II. Revize enstriksyon yo.
- III. Bay patisipan yo tan pou yo fè egzèsis yo (1-2 èdtan).
- IV. Anplwaye yo ta dwe ap fè ti mache nan tout sal la pou yo disponib pou bay èd yo ak revize travay patisipan yo. Ofri sijesyon oswa kesyon pou yo konsidere.
- V. Se pou yo bay yon modèl senpati ak lanmou san kondisyon.

Pratik nan planifikasyon an: Tab diskisyon

Konsèp kle yo:

1. Pi plis konfyans nan mitan patisipan yo
2. Pi plis echanj pou pataje lit oswa detay finansye yo
3. Ankourajman youn lòt

Si tan an pèmèt li, mennen patisipan yo tounen sou tab yo epi ankouraje yo pale sou eksperyans yo nan kreye yon deklarasyon vizyon, fikse objektif ak kreye yon bidjè. Fè yo sonje ke yo lib pou ke yo pataje kòm anpil oswa tankou ti kras bagay jan ke yo santi yo konfòtab pou yo fè pataj la. Repete yo ke yo tout nan sa a ansanm epi yo ka sipòte ak ankouraje youn ak lòt. Objektif la ak egzèsis sa a se kontinye apwofondi relasyon an epi ankouraje yon pi gwo sansiblite ak senpati.

Plan:

- I. Fè yo sonje ke yo dwe pataje sèlman sa yo santi ke yo konfòtab pou yo pataje.
- II. Fè yo sonje ke yo dwe resevwa youn ak lòt avèk senpati.
- III. Fè moun pataje bò tab yo a.
 - A. Kisa y'ap aprann?
 - B. Ki sa ki difisil?
 - C. Ki sa ki ankourajan?

Pratik nan planifikasyon an: Bati yon egzèsis ki baze sou bidjè

Konsèp kle yo:

1. Ranpli plan libète finansye a
2. Balanse bidjè mansyèl yo
3. Kolaborasyon ak kominikasyon k'ap kontinye ant moun ki marye yo

Sa a se dezyèm gwo blòk tan pou ke moun ki marye yo kontinye koreksyon ak finalize bidjè yo. Ou dwe raple patisipan yo ke ou la pou w revize sa yo te fè epi ofri kèlkeswa asistans ou kapab, epi raple yo ki jan yo ka jwenn aksè pou rive fè fas ak konseye pwofesyonèl la si yo ta renmen pran avantaj de sèvis sa a.

Se pou w disponib san mank. Ofri asistans san w pa ofanse moun. Koute avèk senpati. Fè fas ak defi yo avèk lanmou.

Plan:

- I. Dirije patisipan yo nan paj ki kòrèk yo nan kaye yo.
- II. Revize enstriksyon yo.
- III. Bay patisipan yo tan pou yo fè egzèsis yo (1-2 èdtan).
- IV. Anplwaye yo ta dwe ap fè ti mache nan tout sal la pou yo disponib pou bay èd yo ak revize travay patisipan yo. Ofri sijesyon oswa kesyon pou yo konsidere.
- V. Se pou yo bay yon modèl senpati ak lanmou san kondisyon.

Pratik nan planifikasyon an: Bati yon plan pou dèt ak plis

Konsèp kle yo:

1. Jere dèt la byen kapab fè w ekonomize lajan along tèm.
2. Pousantaj enterè ak kantite lajan pou peye yo kapab negosye.
3. Ou PA bezwen peye okenn moun ki pou fè sa. Ou ka negosye ou menm pou kont ou.

Kounye a ke patisipan yo fin ranpli bidjè anyèl yo oswa chak mwa yo, yo pare yo pou fè yon ti kout je sou administrasyon dèt yo byen. Premye etap la se konprann enpòtans ki genyen nan peye plis pase pèman minimòm lan. Montre yo kòman yo sèvi ak Fèy travay rediksyon dèt la ak kòman pou yo aplike pou metòd *Snowball debt* la, lè n'ap kòmanse ak dèt total ki pi piti a oubyen pousantaj ki pi wo a nan enterè yo. Yo pral gen yon opòtinite pou ke yo ranpli Fèy travay sa a apre sesyon sa a.

Seksyon k ap vini yo nan kaye patisipan an gen sijesyon ak eksplikasyon pou travay avèk kreditè yo pou negosye pi ba pousantaj enterè ak kantite lajan ki peye a. Al fè revizyon sou dokiman sa yo, mete aksan sou enpòtans ki genyen pou ke yo janti epi pran bon nòt sou konvèsasyon yo.

Avèti yo sou danje ki genyen lè y'ap sèvi avèk konpayi konsolidasyon dèt oswa anbochaj negosyatè dèt. Pifò moun ta dwe kapab negosye pwòp dèt yo ak to enterè yo lè yo konnen ki sa yo dwe fè ak sa ke yo dwe di.

Sa ki anba la a se deskripsyon prezantasyon sa a nan retrèt orijinal COMPASS True North la.

Pratik nan planifikasyon an: Bati yon plan pou dèt ak plis

Plan:

I. Dirije patisipan yo nan paj ki apwopriye yo nan kaye yo a.

II. Kouman pou itilize Fèy travay rediksyon dèt la

- A. Ajoute nan pèman minimòm yo.
- B. Sèvi ak metòd *Snowball debt* la.

III. Travay avèk kreyansye yo

- A. Negosye pèman yo ak to enterè pi ba se yon fason pou diminye dèt ou yo.
- B. Koute byen.
- C. Ou dwe aji avèk politès men fèm.
- D. Mande tout bagay alekri.
- E. Kenbe nòt egzat.
- F. Swiv avèk lèt yo.

IV. Ki jan ou kapab diminye to enterè sou kat kredi ou

- A. Konpayi kat kredi vle biznis ou a.
- B. Pèsistans ki fèt ak jantiyès se yon bagay ki peyab.
- C. Kenbe nòt ki egzat.

V. Estrateji pou negosye dèt ou yo

- A. Avètisman sou konsolidatè dèt / negosyatè dèt.
- B. Òganize ou.
- C. Konnen konbyen ou kapab epi ou pa kapab peye.
- D. Konsève nòt ki egzat.
- E. Rete pozitif.

Pratik nan planifikasyon an:
Egzèsis konstriksyon sou yon plan ki gen pou wè avèk dèt

Konsèp kle yo:

1. Ranpli plan libète finansye a
2. Kolaborasyon ak kominikasyon k'ap kontinye ant moun ki marye yo

Sa a se dènye blòk final la pou ke moun ki marye yo bati yon plan rediksyon dèt epi ranpli bidjè yo. Akoz de enfòmasyon ke yo te aprann nan sesyon anvan an, yo kapab vle revizite bidjè yo epi wè si yo kapab modifiye bidjè yo a pou ke yo fè plis lajan ki disponib pou mete ann aplikasyon atravè metòd *Snowball debt* la.

Raple patisipan yo ke ou la pou w revize sa yo te fè epi ofri kèlkeswa asistans ou kapab, epi raple yo ki jan yo ka jwenn aksè pou ke yo fè fas ak konseye pwofesyonèl la si yo ta renmen pran avantaj de sèvis sa a.

Ou dwe toujou disponib pou koup yo epi asire ou ke ou se yon modèl senpati ak lanmou san kondisyon.

Plan:

- I. Revize enstriksyon yo.
- II. Bay patisipan yo tan pou yo fè egzèsis yo (1-2 èdtan).
- III. Anplwaye yo ta dwe ap fè ti mache nan tout sal la pou yo disponib pou bay èd yo ak revize travay patisipan yo. Ofri sijesyon oswa kesyon pou yo konsidere.
- IV. Se pou yo bay yon modèl senpati ak lanmou san kondisyon.

Fè fas kare ak lavni an: Pwogram Inisyativ COMPASS yo

Konsèp kle yo:

1. Konpreyansyon lòt pwogram COMPASS yo (Journey and Quest)
2. Ki jan nou kapab bati yon Plan Vwayaj
3. Ekspozisyon nan resous COMPASS Academy yo

Objektif sesyon sa a se pou edike patisipan yo sou lòt pwogram Inisyativ COMPASS yo ak resous ki déjà disponib pou yo. Retrèt True North la se sèlman youn nan pwogram yo, epi yo ta dwe ankouraje tout moun enskri nan youn oswa tou de lòt pwogram yo.

COMPASS Quest la se yon sesyon kou videyo sou entènèt sou finans pèsònèl pou distri a ki fèt kòm yon kou ki dire yon espas de sis mwa. Pastè a ak mari oswa madanm yo ranpli yon videyo ak devwa ki koresponn yo chak mwa selon pwòp orè yo, epi lè yo fin fè demand COMPASS la, yo kalifye pou resevwa yon sibvansyon \$ 1,000. Sibvansyon sa a dwe itilize pou rediksyon dèt pèsònèl oswa ekonomi pou pran retrèt.

COMPASS Journey la se yon pwosesis yon sèl ane nan edikasyon, fòmasyon ak responsablite nan domèn finans pèsònèl yo. Pastè ki kalifye yo kreye yon plan pou pwòp tèt yo pou akonpli 40 èdtan fòmasyon ki adrese enkyetid pèsònèl finansye yo kòm administrasyon finansye nan legliz la. Pastè a tou dwe chwazi de lidè layik pou sèvi kòm patnè responsabl, reyinyon regilyèman pandan tout ane a pou ankouraje, responsablite, ak lapriyè. Lè yo fin fè vwayaj COMPASS la, pastè a kalifye pou resevwa yon sibvansyon \$ 5,000 ki dwe itilize pou rediksyon dèt pèsònèl oubyen ekonomi pou pran retrèt.

Kominike klèman lefèt ke legliz lokal la ogmante sibvansyon sa a oswa bidjè pou li. Apre sa, Inisyativ COMPASS la lè sa a, li egale ak kèlkeswa sibvansyon legliz la ki se dola pou dola, jiska \$ 1,000 oswa \$ 5,000 pou demand lan ak vwayaj la respektivman. Pastè yo souvan konsène sou kapasite legliz yo pou ogmante lajan sa yo oswa yo pa fin sèten ki jan yo kapab fè apwòch lidèchip legliz yo sou opòtinite sa a Inisyativ COMPASS la te reyalize yon maraton pou ofrann lanmou pou ke yo te kapab voye bay yon lidè legliz la pou ede yo. Gen kèk distri ki ap ede legliz yo ak sibvansyon an. Gen kèk sipèntandan distri ki dispoze pale ak komite legliz la sou non pastè a. Detèmine sou sa ke distri li a kapab fè pou ede pastè yo ak legliz yo, epi kominike sa bay patisipan yo.

Yon lòt pwèn enpòtan pou mete aksan sou li se ke lajan sibvansyon yo konsidere kòm revni pou pastè a. Si sibvansyon an kontribye nan kont retrèt Fidelity 403 (b) yo, li pa peye taks sou moman sa a. Si sibvansyon an itilize pou rediksyon dèt, li pral konsidere kòm revni taks, epi pastè a ta dwe planifye kòm sadwa. Pastè yo ka aplike pou pwogram sa yo sou entènèt nan [compassinitiative.org](https://www.compassinitiative.org). Yo ka enskri nan tou de pwogram yo oswa jis youn. Nenpòt minis ak mari oswa madanm ka patisipe nan kou COMPASS Quest Finans Pèsònèl la; sepandan, se sèlman moun klèje ki satisfè sèten kalifikasyon ki kalifye pou sibvansyon an.

Fè fas kare ak lavni an: Pwogram Inisyativ COMPASS yo

Akademi COMPASS la se yon lòt resous ki disponib pou tout moun. Li se yon koleksyon resous sou entènèt ki baze sou alfabetizasyon finansye ak jesyon bibliik. Li gen lyen avèk kèk nan pi bon materyèl ke nou jwenn yo. Sitiye sou sit entènèt COMPASS la, materyèl sa yo disponib piblikman pou tout pastè ak lidè layik yo. Sijè yo gen ladan bidjè pèsònèl, jesyon dèt, preche sou jesyon, preparasyon pou pran retrèt, anpil etid finansye ak plizyè ti gwoup ak plis ankò.

Plan:

I. Montre ak fè patisipan yo ki te deja enskri nan Journey oubyen Quest yo konpliman.

II. Prezante *the Quest*

- A. Sis sesyon chak mwa sou entènèt
 1. Gade videyo a nenpòt lè.
 2. Fè devwa ak mari oswa madanm ou nan konvenyans ou.
 3. Aplike aprantisaj la.
- B. Disponib pou nenpòt pastè oswa pastè asosye
 1. Ki fèt espesyalman pou finans klèje pèsònèl yo
 2. An patenarya avèk “*National Association of Evangelicals*” [Asosyasyon Nasyonal Evanjelik yo]
- C. Yon sibvansyon ki koute \$ 1,000 ki disponib pou dirije pastè ak asosye a plen tan
 1. Legliz lokal ogmante / asiyen sibvansyon baz la.
 2. COMPASS egale ak sibvansyon legliz la jiska \$ 1,000.
 3. Sibvansyon an dwe itilize pou rediksyon dèt pèsònèl ak / oswa ekonomi pou pran retrèt.
 4. Sibvansyon an dwe rapòte kòm revni pou rezon taks.
 5. Kantite lajan ki itilize pou rediksyon dèt se REVNI TAKSAB [TAXABLE INCOME].

III. Prezante Vwayaj la

- A. Pou pastè prensipal yo ak asosye a plen tan ki satisfè kalifikasyon yo (omwen 4 nan bagay sa yo)
 1. Ou genyen yon “rapò dèt” nan 20% oswa pi wo (rapò dèt = total pèman dèt chak mwa, divize pa revni brit chak mwa nan kay la miltipliye pa 100).
 2. Ou gen plis pase \$ 5,000 USD nan dèt ministeryèl elèv ki rete.
 3. Ou gen plis pase \$ 10,000 USD nan dèt elèv konbine avèk mari oswa madanm ki rete.
 4. Ou pa enskri pou yon kont Nazarene Fidelity 403 (b) oswa yon Kanadyen anrejistre retrèt Plan Savings.

Fè fas kare ak lavni an: Pwogram Inisyativ COMPASS yo

5. Ou pa kontribye nan yon kont 403 (b) de US Nazarene Fidelity oswa nan yon Plan ekonomi pou retrèt ki anrejistre nan peyi Kanada pandan twa dènye ane yo oubyen plis.
 6. W ap viv nan yon rezidans oswa lokasyon epi pa gen okenn lòt investisman lojman.
 7. Ou gen mwens pase 3% revni anyèl nan kay la nan ekonomi ki pa pran retrèt ou.
 8. Ou gen reta tretman medikal pou tèt ou, mari oswa madanm, oswa pitit ou akòz estrès finansye.
 9. Ou pa gen kouvèti asirans medikal.
 10. Ou dwe plis pase \$ 10,000 USD sou “patisipasyon fanmi” prè elèv pou yon ti moun oswa plizyè ti moun.
- B. Plan Vwayaj la se yon pwosesis k’ap dire yon ane, fòmasyon ak responsabilite.
1. Sa mande karant èdtan yo nan espas de yon ane.
 2. 40 èdtan yo kapab itilize pou kredi aprantisaj pèmanan yo.
 3. Etabli objektif fòmasyon pou tèt ou ak pou legliz ou a.
 - a. Montre echantiyon yo
 - b. Lide yo byen disponib sou COMPASS Academy
 - c. Adapte bezwen pèsonèl ou ak bezwen legliz ou yo.
 4. Chwazi de lidè layik pou responsablite a ak ankourajman an.
- C. Yon sibvansyon vo \$ 5,000 ki disponib lè yo fini
1. Legliz lokal la ogmante / asiyen sibvansyon de baz la.
 2. COMPASS egale ak sibvansyon legliz la jiska \$ 5,000.
 3. Sibvansyon an dwe itilize pou rediksyon dèt pèsonèl ak / oswa ekonomi pou pran retrèt.
 4. Sibvansyon an dwe rapòte kòm revni pou rezon taks yo.
 5. Kantite lajan ki itilize pou rediksyon dèt se REVNI TAKSAB [TAXABLE INCOME].

IV. Eksplike pwosesis sibvansyon an

- A. Legliz lokal la ogmante / asiyen sibvansyon de baz la.
- B. COMPASS voye match legliz lokal la nan fen vwayaj la oswa demand la.
- C. Legliz lokal la debouse tout lajan sibvansyon an bay pastè a.
<input type="checkbox"/> Ezite pou fè epi egzekite plan ki along tèm	<input type="checkbox"/> Chèche konsansis pou pran desizyon yo
<input type="checkbox"/> Bay pou diminye soufrans lèzòm	<input type="checkbox"/> Anvi pou sipòte plan ke lòt moun fè yo
<input type="checkbox"/> Ralanti pou chanje investisman yo	<input type="checkbox"/> Li kapab kache santiman reyèl yo
<input type="checkbox"/> Depanse pou "jwi moman an"	<input type="checkbox"/> Prefere pou lòt moun pran desizyon finansye ki "difisil" yo

Tandans pou moun ki gen gwo

Konsyans

<input type="checkbox"/> Ekselan pou balanse kanè chèk la	<input type="checkbox"/> Dezi pou genyen anpil plan finansye
<input type="checkbox"/> Li kapab genyen yon tristès oswa byen lwen pafwa	<input type="checkbox"/> Respekte règ yo; pa gen okenn devyasyon
<input type="checkbox"/> Ensiste sou efikasite	<input type="checkbox"/> Pèdi opòtinite yo pandan y ap analize opsyon yo
<input type="checkbox"/> Prè pou depanse pou bon kalite	<input type="checkbox"/> Reziste kont desizyon ijan pou ka byen prepare
<input type="checkbox"/> Kontwòle dinamik fanmi yo ak reyalyite ak figi	<input type="checkbox"/> Planifikatè lojik
<input type="checkbox"/> Pridan sou nouvo investisman	<input type="checkbox"/> Krenn pou sa lavni ka pote
<input type="checkbox"/> Gwo ladrès òganizasyonèl	<input type="checkbox"/> Li kapab konbat kont laperèz nan sere lajan
<input type="checkbox"/> Ranvwaye desizyon pou ranmase plis enfòmasyon pou "gen rezon"	<input type="checkbox"/> Gwo apresyasyon pou bagay ki bèl
<input type="checkbox"/> Natirèl nan mennen pwosesis bidjè a	<input type="checkbox"/> Gran konsomatè

Anèks I: Prezantasyon PowerPoint




Yon gras ekstraòdinè



TRUE
NORTH
RETREAT
A COMPASS INITIATIVE



Lapriyè



Yon gras ekstraòdinè

Travay 26: 9-22a

Nan fason li yo ki ranpli
avèk anpil gras ki gen rapò
ak nou, Bondye ensiste sou
fè fas ak reyalitye a.



Yon twoub ki soti nan Bondye

- ▶ Premye travay lagras la se te mennen nou nan reyalitye a.
- ▶ Nou dwe fè fas ak reyalitye nou an.

Akolad ki soti nan Bondye

- ▶ Dezyèm travay lagras la se rejwenn nou nan reyalite nou an.



Akolad ki soti nan Bondye

- ▶ Lè nou posede sa nou dwe posede a, gras Bondye a deplase soti nan tèt nou pou vini nan kè nou... epi nou kòmanse viv lavi nan akolad ak li.



Envitasyon ki soti nan Bondye a

- ▶ Ou gen yon envitasyon nan "moman sa a" nan gras ekstraòdinè Bondye a.





Envitasyon ki soti nan Bondye a

- ▶ Soti depi nan akolad gras ou a, mwen kite tan pase a ale.
- ▶ Soti depi nan akolad gras ou a, mwen fè w konfyans ak avni an.




Envitasyon ki soti nan Bondye a

"Mwen gen èd Bondye jodi a menm; epi mwen chwazi kanpe ... Nan moman gras li a".



Kominyon





Anèks J: Maniskri sesyon yo



Abòde wont lan



Ann pale sou elefan ki nan sal la—WONT LAN. Èske w sonje nan fim Prennsès lamarye [*Princess Bride*] a lè dam ki fin vye granmoun deyò chato a te kòmanse rele, “Wont! Wont! Wont!” Ebyen, se pa sa nou pral fè isit la. Sepandan, reyalite ki klè a se ke si ou isit la jodi a nan retrèt sa a, ou te pwobableman nan lit ak finans ou pou yon ti tan, epi ou ka santi yon touche nan wont sou li. Objektif pou mete gwo mo wouj sa a sou ekran an se PA fè w santi w wont, men pito ede ou rekonèt li, mete etikèt sou li, epi abòde li.

**“Wont lan se yon bagay ki inivèsèl. Nou tout genyen li.
Mwens ou pale de li, se plis ou genyen li”.**
- Doktè Brené Brown

Sa a te soti nan bouch doktè Brené Brown, yon pwofesè rechèch nan Inivèsite Houston. Li etidye kouraj, vilnerabilite, senpati, ak wont. Doktè Brown defini wont kòm “krentif pou dekonèksyon”. Dekonèksyon sosyal. Se pè ke gen yon bagay sou mwen fè mwen parèt mal, ki kapab fè mwen pa akseptab. Santiman inivèsèl wont sa se krentif pou pèdi konèksyon ak lòt moun oswa pou pa janm fè konèksyon yo nan kòmansman.

Nou te genyen gwo difikilte pou nou te fè nou konekte avèk li, pliske konèksyon ak lòt moun pa garanti nan lavi sa a. Se konsa, nou vilnerab anpil. Pakonsekan pè a! Kesyon fondamantal ke nou tout poze tèt nou se sa a: “Èske gen yon bagay sou mwen ki, si lòt moun konnen li oswa wè li, l’ap fè m ‘diy pou konèksyon?”

“Èske gen yon bagay sou mwen ke mwen dwe kache konsa mwen pral akseptab?”

“Èske gen yon bagay sou mwen ke mwen espere ke pèsounn pa jwenn pou pale m mal, se konsa ke lòt moun ap panse mwen diy pou konèksyon?”

“Èske gen yon bagay sou mwen ki fè m ‘natirèlman diy pou m jwenn lanmou?”

Wont lan diferan de kilpabilite. Kilpabilite a se yon santiman remò ki gen pou wè lè moun nan **fè** yon bagay ki mal oswa **pa fè** yon bagay ki bon. Wont lan, nan lòt sans lan, se yon santiman ke mwen mal akòz de sa mwen te fè oswa pa t fè.

Kilpabilite a di “Mwen **te fè** yon move bagay”.

Wont lan di “Mwen pa bon menm”.

Vwa wont lan nan tèt nou genyen de faz:

1. Ou pa bon ase.
2. Ki moun ou panse ou ye?



Kòm klèje, ak mari oswa madanm klèje, nou pa egzan devan la wont. Nou tandè vwa wont lan kòm, “Ou pa kalifye nan jere finans legliz la”.

“Ki moun ou ye preche sou jesyon finansye lè ou te gen anpil dèt?”

“Ou pap janm kapab jwenn wout pou w soti nan twou finansye sa a”.

“Ki sa moun nan kongregasyon an ta panse si yo konnen?”

“Ki sa ki mal osijè de mwen menm? Pou kisa mwen pa janm kapab mete fen ak yon rankont byen?”

“Nan pwèn sa a nan lavi mwen, mwen ta dwe gen ...” ranpli espas ki vid la.

Lè nou tandè vwa wont lan nan tèt nou—lè nou santi ke santiman ap desann nan diyite fon nan zantray nou—nou pè dekonèksyon. Nou santi nou vilnerab. Epi kisa pifò Ameriken fè lè nou santi nou vilnerab? Nou PÈDI SANS! Nou se moun ki pi anfle, se nou menm ki plis dejwe, epi nou genyen plis vis e malgre sa nou genyen plis dèt tou nan tout. Men, si nou pa pèdi bon sans nou, nou BON NÈT. Nou pèfeksyone kò nou. Nou pèfeksyone kay nou yo. Nou pèfeksyone pitit nou yo. Nou pèfeksyone legliz nou yo.

Nan sans sa a, ki medikaman ki bon pou la wont? Ki sa ki pral diminye la wont lan? Ki sa ki pral evantyèlman fonn wont lan? Se senpati. Anpati, jantiyès pou tèt nou, konpasyon pwòp tèt ou-se sa ki pral simonte wont lan. Brené Brown te di ke nou dwe gen konpasyon ak tèt nou an premye epi apre sa ak lòt moun, paske nou pa ka trete lòt moun dous si nou pa ka trete tèt nou dous. Sa byen sanble ak kòmandman Kris la nan “renmen lòt moun menm jan nou renmen pwòp tèt pa nou”.

Nou dwe renmen ak aksepte tèt nou jan nou ye a, kote nou ye, ak tout limit nou yo, enpèfeksyon, ak echèk. Nou dwe trete tèt nou avèk jantiyès ak konpasyon, espesyalman nan domèn sa yo kote nou santi nou wont. Lè nou aksepte tèt nou ak lanmou e nou pèmèt nou enpafè, nou libere tèt nou de vilnerabilite a. Nou libere tèt nou pou nou riske natif natal ak lòt moun. Nou libere tèt nou pou jwenn koneksyon ak lòt moun ki baze sou moun ke moun wè nou ye reyèlman olye pou se bagay ki baze sou mask ke nou te mete pou kache wont nou an.

Wont lan gen kèk diferans nan kesyon sèks. Pou fanm, li gen tandans eseye viv jiska **atant konfli**. “Fè tout bagay. Fè l san manke anyen. Epi pa janm kite yo wè ou swe”. Pou gason, li gen tandans ke yo dwe eseye viv jiska yon **atant sengilye**. “Mete gason sou ou oubyen mete fanm sou ou. Demontre li tankou ewo. Pa janm demontre feblès li yo”.

Pou kisa nou vini ak entwodiksyon sa pou ou ki gen pou wè ak kesyon finans nan retrèt sa? Mwen vini avèk li se paske mwen sispèk ke sitiyasyon finansye ou fè w santi w wont anpil. Mwen te fè lide sa.

[Pataje pwòp istwa batay ke w'ap fè fas nan koze finans ou, wont, ak viktwa. Oswa fè youn nan anplwaye retrèt yo pataje pa yo a].

[*Temwayaj ki soti nan retrèt nan Vrè Nò orijinal la*]

[*Pastè*] Pou yon tan long, mwen te reyèlman wont nan sitiyaasyon finansye nou an. Mwen sonje ke mwen te reyèlman jennen ak wont lè mwen te gen nan lis dèt nou yo sou lisans mwen yo ak dokiman òdonans. Mwen te enkyete ke se mwen menm sèl ki gen anpil dèt sa a. Mwen te mande mwen si yo ta ka refize mwen òdonans paske kesyon jesyon finansye m nan te grav anpil. Apre tout bagay sa yo, Bondye rele nou pou nou vin bon administratè, epi nan Bib la nou jwenn anpil avètisman pou nou viv senp epi bay san gad dèyè. Dèt yo vin konplike lavi a epi sètènman anpeche kapasite ou yo pou w jenere. Pwovèb souvan pale sou foli pou toujou nan fè dèt ak bon konprann nan manyen finans byen.

Kasèt la wont ki nan tèt mwen an te di konsa, “Ou pa bon ase.” “Ki moun ou panse ou ye, atò pou w yon lidè nan legliz ak tout dèt sa yo?” Kòm yon pastè anplwaye ki an chaj fòmasyon disip pou gran moun, mwen sonje pastè prensipal mwen an te ban m’ kèk kourikoulòm finansye epi sijere ke sa a ta dwe yon bon bagay pou ofri nan legliz lan. Mwen gade li, epi wont te anvayi mwen menm kote a. Mwen te fè tèt mwen panse, “Ki jan mwen ta ka pètèt ankouraje moun yo fè sa, se pi mal pou m ta anseye yon bagay konsa, lè pwòp finans pa mwen yo se yon dezòd? Ala yon ipokrit mwen ta ye”. Se konsa, mwen te mete plan etid la nan yon plan segondè. Mwen evite li. Mwen pa janm mansyone li bay okenn lidè ti gwoup yo. Mwen te jis gade nan katab la ak enfòmasyon ki nan kourikoulòm nan li te fè plis wont leve ankò. Wont mwen te anpeche m ankouraje administrasyon finansye bibliik la. Mwen te fè yon gwo mal ak legliz mwen t’ap sèvi a. Sitiyaasyon finansye mwen sètènman afekte kapasite mwen pou dirije kòm yon pastè. Petèt li fè enpak sou pa w la tou.

Wont mwen te santi sou sitiyaasyon finansye mwen an te afekte m ‘tankou yon pastè, men li te fè yon gwo enpak sou fwaye lakay mwen tou. Yo di ke lajan se youn nan pi gwo domèn konfli nan yon maryaj. Sa se sètènman yon pati nan istwa maryaj nou.

[*Konjwen*] Se konsa, lè mwen panse sou istwa finansye mwen, mwen souvan panse a mit grèk Sisifis la. Li te dye grèk ki ta pouse wòch la moute yon mòn. Apre sa, lè li te tou pre tèt mòn nan, wòch la ta woule tounen desann ankò epi li ta dwe fòse l pou li rekòmanse ankò. Li te fè sa pou tout letènite. Relasyon mwen ak lajan, te kòmanse lè m te yon jenn ti moun tou piti. Mwen te grandi nan yon fanmi ke yo rele kounye “pòv yo k ap travay”. Mwen panse ke pou tout lavi li, manman m ‘pa janm konprann lajan. Chak fwa lajan te antre nan kay la, li tou senpleman te depanse nan kriz nan moman sa a. Jou ki te genyen plis lajwa nan ane a te jou lè ke ranbousman taks la te rive. Li te dire yon jou. Jwenn li, depanse li.

Te genyen presyon relijye yo tou ke gen lajan epi te rich te yon bagay ki mal. Lè ou pòv se te tankou Kris lan. Mwen sonje byen klè kijan mwen te pase yon move moman akòz de yon Jeans Jordache ble ak yon bèl soulye kòdonye yo te voye pou mwen ke yo te fè m konnen ke se bagay k’ap voye m nan lanfè tou dwat.

Apati de la, mwen te ale nan Inivèsite epi tankou fawouchè, mwen te vin tounen yon gwo etidyan biznis pandan mwen t'ap aprann sou finans, mache bousye ak kontablite. Men pati ke okenn moun pa mansyone an: edikasyon biznis bakaloreya pa tradwi nan jesyon pèsònèl finansye tankou nou tout sipoze fè sa.

Mwen te travay a plen tan pou peye pou Inivèsite a epi mwen te fè \$ 4.25 pa èdtan—plis lajan mwen te fè nan lavi mwen. Li pa twò enpòtan pou m di ke mwen pat byen administre nouvo richès mwen an. Mwen gradye nan kolèj la ak yon kantite lajan ki jis nan dèt prè elèv yo epi lè sa a, mwen te tou marye. Se lè sa a ke mwen te aprann yon lòt gwo leson sou koze finans yo—dèt li plis dèt mwen an se te anpil dèt. Sèl fason pou ranje sa, asireman, se te touche lajan lin de myèl nou an.

Lè ke nou tou de a t'ap travay epi nou te reyalize ke te genyen anpil dèt ki pat itil, nou te pase de pwochen ane yo mete tout lajan nou yo apa pou peye tout dèt yo ak prè elèv yo, epi nou te rive soti nan dèt yo. Lè sa a, Matye, pitit gason nou an, te vini, epi nou te deside vin yon fwaye ki gen yon sèl revni pou madanm mwen ka rete lakay li. Pwoblèm ki te vin rive se ke, nan adisyon pou gen yon timoun, mwen pa janm reyèlman chanje abitud depans mwen. Se konsa, natirèlman, nou te tounen nan kesyon dèt yo ankò.

Se sa mwen vle di lè ke mwen santi m menm jan avèk Sisifis: mwen fè anpil dèt, mwen santi yo fè m kwense anpil, mwen soti nan kesyon dèt la, mwen santi m byen lè sa, mwen retounen tonbe nan koze dèt la ankò, mwen santi m mal alèz akòz de sa, epi mwen pouse wòch la monte ti mòn lan se sèlman pou ke li kapab tounen glise desann anba ankò.

Sa ki te soutni tout bagay sa yo se te konpreyansyon mwen sou kisa sa vle di pran swen fanmi mwen. Mwen te grandi nan yon fwaye ki genyen yon sèl paran, se konsa tout sa mwen te konnen sou kesyon mari oswa papa se te soti nan lekòl Dominikal epi *Focus on the Family* [Konsantre sou fanmi an]. Se konsa, mwen te konprann ke “travay pou m soutni fanmi mwen” vle di mwen bezwen fè bidjè. Se konsa, mwen te kreye yon bidjè sou kèk gwo fèy papyè kontabilite nan yon kaye. Nou pale osijè de sa ki ta dwe fèt, men li pa t' reyèlman yon bidjè nan kolaborasyon. Finalman, pi fò te pran fen tankou yon rega istorik sou jan ke mwen te echwe. An reyelite, sa ki te fèt byen se ke sèlman nou pat janm pa toujou peye dim, epi sa se te nan ensistans madanm mwen.

Devine ki sa nou goumen pou li anpil?

Ebyen:

- ▶ Mwen pa te gen okenn konpreyansyon reyèl sou lajan depi byen bonè,
- ▶ Mwen te panse mwen te edike,
- ▶ Mwen te gen move ansèyman sou sa Bib la di sou lajan,
- ▶ Mwen ensiste pou m te gen kontwòl paske Bondye te di sa,
- ▶ Epi mwen pa t genyen okenn kapasite pou ke mwen te di tèt mwen non (oswa madanm mwen).

Se konsa, sik la wont lan te kontinye ap pran fòs pou plizyè dizèn lane kote ke mwen te kontinye nan pouse wòch la moute ti mòn lan pou rezoud kesyon dèt la. Li ta woule tounen desann nan dèt ankò, mwen ta santi mwen mal alèz, wont, jennen, ak fache epi mwen ta rekòmanse pouse wòch la tounen monte ankò, epi desann ak monte, desann anba epi monte anwo....

Mwen pa t konnen si te genyen yon sèl pwèn kote ke tout bagay te chanje. Mwen pa t 'reveye ak yon nouvo plan ke Bondye te ban mwen nan yon rèv oswa nenpòt bagay tankou sa. Li te pran yon bon bout tan, men te gen plizyè aspè pou fè fas ak pwoblèm lajan.

1. Mwen te bezwen konsèy pèsònèl pou fè fas ak pwoblèm mwen yo. Aksepte sa.
2. Travay pou rekonstwi relasyon mwen ak madanm mwen.
3. Mwen te oblije aprann ke pa gen lajan pou pase yon bèl vakans anpenpan oubyen machin tou nèf oswa lòt bagay pa t 'vle di mwen te yon echèk kòm yon nonm.
4. Mwen te bezwen aprann kolabore e mwen pa dwe nan kontwòl. Madanm mwen trè entelijan, li genyen anpil talan epi oryante nan detay yo, se konsa ensistans mwen pou m te yon gran figi ekonomik lan "nèg bidjè a" te jis yon atant moun sòt. Pa genyen okenn nan nou ki t ap travay ak pwòp fòs nou. Kite li ale te yon gwo pa pou pi devan. Mwen trankil. Mwen patisipe nan pwosesis bidjè a, men madanm mwen ka planifye avni an epi kreye. Senaryo ki sou bagay ke nou pral kapab deside ansanm.
5. Te gen kèk bagay nan edikasyon an ki te byen itil. Mwen te oblije vale fyète mwen epi pran "pyeton" Dave Ramsey la, ki te vin yon gwo èd. Sa te ban nou yon lang etranje ke nou te kapab itilize pou nou diskite sou koze lajan ki pa t pèsònèl. Li sèlman te lajan. Epi plan an se te yon bagay nou te ka dakò pou nou swiv.

Se pa tout bagay ki pafè, men nan pwèn sa a nou esansyèlman lib de tout dèt, ak yon ipotèk. Nou gen yon bidjè reyalis, solid chak ane ki pèmèt nou pran desizyon ansanm. Nou vrèman epi vrèman anreta sou dosye ekonomi an pou dosye pansyon an, men kounye a, nou jis pran direksyon ki bon an. Mwen santi tankou si mwen genyen plis esperans kounye a ak mwens wont ak malèz.

Fondasyon pou administrasyon biblik la

Sijè pa m nan pou maten sa a, “Fondasyon pou administrasyon biblik la” se tankou sa fatigan pou fè yon apwòch menm jan ke sa enpòtan pou pataje. Te gen dè santèn de liv ekri osi byen ke dè milyon de prèch preche sou sijè sa a. Avèk sa nan tèt ou, mwen vle konsantre sou premye mo a, “fondasyon”. Entansyon mwen se prezante yon vizyon administrasyon biblik nan yon imaj ki senp, men ki pa twò senp.

Nan sondaj 2016 ki te fèt pa Nazarene Research ki te mennen nan kreyasyon Inisyativ COMPASS la, te gen kèk dekouvenn enteresan ki te fèt konsènan sijè sa a ki se administrasyon biblik la. Nan repons nou te resevwa yo, plis pase 95% nan legliz Nazareyen yo konsidere ansèyman administrasyon biblik la nan domèn jesyon finansye kòm yon bagay ki esansyèl pou fòmasyon disip yo. Repons tout lidè ki an fonksyon yo sou kesyon sa a te plis pase 88% nan akò. Sepandan, pandan ke 60% nan pastè granmoun aje nou yo te di ke yo te dakò oswa fòtman te dakò ke li te yon “gwo priyorite,” sèlman 45% te santi yo “byen kalifye” pou yo anseye li, epi mwens pase 23% nan legliz yo te gen nenpòt ki plan an plas pou anseye prensip administrasyon biblik nan jesyon finansye a. Apwòch prensipal la te detanzantan preche sou jesyon biblik an tèm jeneral oswa espesyalman sou dim. Li te enteresan tou pou remake nan rechèch nou an ke enpresyon lidè layik yo se ke yo te tandè sijè ki rete a mwens souvan ke minis yo te di ke yo te konn preche oswa anseye li tout bon. Se poutèt sa, pastè yo ta kapab pran nòt ke sa ou panse ke w ap preche oswa anseye a se pa toujou sa yo te tandè oswa sonje.

Men kèk statistik plis sou sa pastè yo di ke yo preche an konparezon ak sa ke kongregasyon an tandè:

Pastè yo	Lidè layik yo
Konbyen fwa ou preche oswa anseye sou jesyon finans biblik?	Konbyen fwa ou tandè preche oswa anseye sou jesyon finans biblik?
Chak mwa: 6.5%	Chak mwa: 1.3%
Chak trimès: 18.5%	Chak trimès: 16.9%
1-2 fwa chak ane: 54.6%	1-2 fwa chak ane: 45.5%



Pastè yo	Lidè layik yo
Konbyen fwa ou preche oswa anseye sou dim?	Konbyen fwa ou tande preche oswa anseye sou dim nan?
Chak mwa: 10%	Chak mwa: 3.9%
Chak trimès: 25%	Chak trimès: 16.9%
1-2 fwa chak ane: 53%	1-2 fwa chak ane: 56%

Youn nan objektif Inisyativ COMPASS la se bay yon pi bon aksè pou bon materyèl pou konprann ak kominike seri administrasyon bibliik la konplèt nan legliz lokal la epi ankouraje ak ede yon bon kantite moun nan legliz lokal nou yo devlope ak aplike plan pou ansèyman an ak fòmasyon sou tèman nan. Biwo Devlopman administrasyon Legliz Nazareyen an te pwodwi kèk materyèl reyèlman ekselan ki disponib sou entènèt, ak biwo a swa patwone oswa patisipe nan evènman tankou yon sèl sa a plizyè fwa nan yon ane. Inisyativ COMPASS la pral kolabore ak lidè ak evènman tankou sa yo, amelyore byennèt ekonomik la nan favè minis nou yo ak legliz lokal nou yo.

Konsa, kite m' sijere nou yon fondasyon administrasyon bibliik ki solid ki pral pèmèt ke nou konstwi lavi nou sou li epi mennen pèp nou an nan direksyon byennèt ekonomik ki vrè ak libète. Mwen te travay pou anpil ane depi sou pwendevi ke gen twa etap prensipal oswa aspè nan yon fondasyon pou administrasyon bibliik la. Twa sa yo bati sou youn ak lòt, e mwen konvenki ou pa ka kòmanse devlope dezyèm lan anvan ke premye a nan plas li byen fèm. Menm jan an tou, twazyèm lan bati sou premye ak dezyèm nan. Twa mo bibliik mwen te chwazi yo pou ke mwen te eksprime eleman ki nan yon fondasyon bibliik yo se fidelite, jenewozite, ak sakrifis. Mwen ta kwè ke kenbe konviksyon mwen ke yo bati youn sou lòt la, nou ta di 1. fidelite, 2. jenewozite, ak 3. sakrifis. Ann fè yon ti kout je tou kout nan ekriti yo gade nan chak sa yo.

Fidelite

Nan Lik 12:48, Jezi te di, "Tout moun ke yo bay anpil, y'ap egzije li remèt anpil..."

Ann fè yon kout je anplis sou mo fidelite a.

- ▶ Se yon mo yo itilize trè souvan nan Ansyen Testaman an pou dekri kalite serye Bondye ak pèp Bondye a.
 - Bondye toujou fidèl.
 - Pèp Bondye a toujou ap lite avèk fidelite.
- ▶ Se pa sèlman yon vèsyon elaji ki soti rasin mo "lafwa".
 - Lafwa a se san dout pwen kote nou kòmanse a.
 - Se "pa mwayen lagras atravè lafwa" ke nou sove.
 - Fidelite se yon fwi Lespri a.
- ▶ Fidelite se pa sèlman sou sa moun nan ye, men sitou sou sa ke moun nan fè tou.

Lè ou fidèl se yon repons (-kapasite) anvè yon moun (sitou Bondye men fanmi an ak lòt moun tou) oubyen avèk yon bagay ou te responsab, yon responsablite administrativ.

An reyalite, mo “administrasyon an” se yon mo mwen te pase 13 ane kòm yon sipèntandan distri ap eseye wè kijan mwen kapab asire mwen ke chak pastè, asosye ak manm yo/ lidè komite legliz yo te konnen ak konprann. Si se pa yon mo nan vokabilè pa ou, jwenn li la. Gade si sou ane k’ap vini an ou ka itilize mo “administrasyon an” yon fwa chak mwa pou pi piti.

Pou kretyen an, fidelite nan administrasyon bibliik nan finans lan reyèlman kòmanse ak ladim. Administrasyon an se sètènman pi plis pase ladim, men mwen plis konvenki pase tout tan (e mwen te preche sa a epi viv li pou pi piti 45 ane) ladim nan se yon pwèn enpòtan pou kòmanse sou vwayaj fidèlite a. Premyèman, li fondamantal paske dim nan gen pou wè ak lajan. Kòm Richard Foster te ekri nan liv li a, *Money, Sex, & Power* [Lajan, Sèks ak pouvwa] fè anpil ane, lajan se pa sèlman yon objè ensansib ke nou kapab fè sa ke nou vle avèk li. Li genyen yon pouvwa ki pwisan ki pral toujou chèche kontwole nou si nou pa kontwole li. Pandan ane sa yo nan ministè mwen, pa gen okenn lòt sijè ke mwen ta ka preche—OKENN—ki ka pwovoke yon seri de emosyon parèy epi brase repons dramatik tankou tèm lajan an.

[Ilustrasyon sou repons dramatik kèk moun sou sijè lajan andedan yon legliz]

Martin Luther te di gen twa konvèsyon ki nesèsè: konvèsyon nan kè a, konvèsyon nan lespri a, ak konvèsyon nan valiz la. Nan ansèyman Jezi a jan yo ekri nan levanjil yo, sijè a sèlman ki resevwa plis atansyon pase lajan se Wayòm Bondye a, epi n’ap eseye konstwi yon baz pou fè fas ak youn epi viv nan lòt la, pou ke yo kapab konekte tout bon vre.

Dezyèmman, dim nan se yon bagay ki fondamantal pou fidelite paske nou tout pa genyen menm kantite lajan an nan kapasite finansye oswa responsablite nou. Epi dim nan kraze l’konsa tou senpleman ke nenpòt moun ka konprann konsèp la. Mwen aktyèlman tandè yon moun preche dènyèmman, epi yo te deklare soti nan lestrad la ke ou bezwen deside nan kè ou ki sa yon “dim” ta ye pou ou... 2% oswa 3%. Mwen konprann enkyetid ak konpasyon predikatè sa a, epi mwen pa felisite legalis, men “dim” vle di tou senpleman 10%. Epi li fasil pou konnen. Epi ou pa bezwen dim sou sa yon lòt moun genyen men sou sa ou genyen.

Mwen konnen byen ke administrasyon an se pa sèlman sou lajan. Li absoliman vital pou konsidere siyifikasyon “tan” nou nan zafè fidelite sa a, men nou tout gen menm kantite tan. Nou chak genyen 24 èdtan nan yon jounen, 365 jou nan yon ane, epi chak kat ane nou jwenn yon sèl jou siplemantè. An reyalite, si nou gade pi lwen, “tan” an kapab genyen plis valè pase lajan an, men li pa sanble konekte nan emosyon nou byen tankou tèm lajan. Petèt “tan” yo pral yon pwoblèm pi enpòtan lè nou rive nan jenewozite ak sakrifis.

Twazyèmman, dim nan se yon bagay ki fondamantal pou fidelite a paske li se yon disiplin espiyèl ki regilye. Li kapab vrèman yon aksyon adorasyon, epi li se yon etap enpòtan pou moun nan libere tèt li anba dominasyon lajan an. Mwen pa janm byen kalkile mistè total dim nan, men mwen konvenki ke se yon pati enpòtan nan “benediksyon an” (90% ale pi lwen pase 100% lè 10% nan premye yo bay nan obeyisans pawòl Bondye a) se ke lè nou menm nan fidelite nou anvè Bondye nou prefere desann men nou yo, san pa genyen okenn kòd ki mare nou pou anpeche nou bay yon

dizyèm nan tout sa nou antre yo, potansyèl pouvwa negatif lajan an kòmanse pèdi kontwòl li. Lè sa a, nou kòmanse yon vwayaj pou ke nou vin pi bon administratè nan tout lòt bagay nou genyen, ki gen ladan tan nou tou.

Peye dim nan se te lide pa Bondye menm. Nan kòmansman epòk ebre yo, Abraram se te premye moun ki te anrejistre antan ke moun ki te premye peye dim. Li te bay sakrifkatè Bondye a ladim nan, Melkisedèk (Jenèz 14:20). Jakòb, pitit pitit li, te bay yon dizyèm nan tout sa Bondye te ba li. Annapre, Moyiz te anseye pèp Bondye a pou l bay ladim ogmantasyon yo. Moun yo te dwe bay yon dizyèm nan ogmantasyon yo soti nan jaden ak mouton yo chak ane (Detewonòm 14:22). Levitik 27:30 di nou dizyèm lan se pou Seyè a: “N’a mete dis pou san (10%) nan tout rekòt jaden nou apa pou SEYÈ a, li te mèt rekòt jaden nou fè nou menm, osinon rekòt pyebwa ki donnen nan jaden nou. Se pou SEYÈ a dis pou san sa yo ye”. Nan tan lontan, yo te konn pote tout ladim yo nan yon lye adorasyon santral tankou (Betèl oswa lavil Jerizalèm), epi yo te fè yon gwo fèt adorasyon ak lwanj pou Bondye. Lè sa a, tout bagay ki te rete yo te distribiye bay moun ki nan bezwen yo epi bay prèt yo. Anplis de sa, chak twazyèm ane festival la dim te fèt lokalman pou pòv yo nan tout ti bouk yo nan zòn riral yo epi ti pèp ki alantou peyi yo pa ta dwe neglije, epi yo te pi byen pran swen yo nan bezwen yo.

Nan tan lontan, pwofèt yo te konn kritike moun ki te konn vòlò ladim ak ofrann Bondye yo (Malachi 3: 8-11) ak moun ki legalman peye dim yo, men yo te manke yon kè ki genyen mizèrikòd ak jistis (Amòs 4: 4). Kòm tan an te pase, siyifikasyon espiyèl la dim te degrade epi dim nan te vin konsidere pi plis pase yon kontribisyon tanp lan ke “otorite pouvwa yo ki” nan lavil Jerizalèm te preleve epi ranmase ak anpil enèji. Dim nan pa dwe konsidere tankou yon “taks”. Istorikman, lè dim nan te konsidere kòm yon taks, dimansyon espiyèl li yo te pèdi. Nan tan Nouvo Testaman an, Jezi te di yon ti kras bagay sou dosye ladim nan. Yon fwa li te kritike Farizyen yo, yo menm ki ak anpil atansyon te konn peye dim sou tout bagay, menm nan pil zèb ki t’ap grandi nan lakou dèyè kay yo, pou ke Bondye pa t ‘kapab reklame dim li yo pa te peye epi jije yo, men yo te neglije mizèrikòd ak lajistis. Li te di tou ke peye ladim, “farizyen yo te fè sa byen, men yo pa t dwe bliye bagay ki pi enpòtan yo”.

Sanble ke legliz Primitiv te di twò piti bagay sou dosye ladim nan. Yo te bay pi plis pase yon dizyèm ke bay tout — olye de minimòm Ansyen Testaman an, sa te komen nan mitan moun ki te konn riske mwayen pou yo siviv yo, repitasyon, pèsekisyon, e menm lanmò pou lafwa yo. Lè nou swiv Lespri Bondye a nan 1 Korentyen 16: 2-3, kote tout moun dwe bay, bay regilyèman (chak semèn), epi bay pwopòsyonèlman (selon kapasite yon moun), li pwouve ke li se yon benediksyon abondan epi kòmanse mezire lavi nou tankou yon moun ki pral konsidere fidèl.

Fidelite a se pa sèlman sou ladim. Se sou tan nou, talan, fanmi, kominote, kreyasyon, fòmasyon disip. Fòmasyon disip la gen ladan li, pami lòt bagay yo, lekti bibliik yo ak lapriyè epi li se yon mwayen lagras tou jan li ye a.

Nan anpil mo ki nan chante a, “se pou tout moun ki vin aprè nou yo jwenn nou fidèl”. Se pou yo chak dispoze mete baton an nan mezire kont pwòp lavi nou. Epi nou bezwen konnen kijan pou nou dirije, gide, enstwi, ak ankouraje lòt moun nan yon lavi administrasyon bibliik. Kòmanse ak fidelite: An premye, viv li nou menm ak pwòp tèt nou epi aprè sa a, gide lòt moun yo mennen yon lavi ki fidèl.

Jenewozite

Jezi te avèti kont avaris nan parabòl moun fou ki rich la (Li Lik 12: 13-21). Byen obsève vèsè 21: “Jezi di yo ankò: Se konsa sa ye tou pou moun k’ap ranmase byen pou tèt pa l’ men ki pa rich devan Bondye “Apot Pòl te remèsye kwayan Filipyen yo pou jenewozite yo (Li Filipyen 4: 14-16). Pòl te menm felisite lespri jenewozite yo nan legliz Korent la, e li te ankouraje kwayan Korent yo pou yo “kontinye fè plis efò nan gras pou yo toujou bay la” (Li 2 Korentyen 8: 1-7).

Donasyon an ak jenewozite yo se bagay ki mare ansanm inevitableman ak tout lòt disiplin esprityèl yo. Obsève vèsè 7: “Wi, nou rich sou tout pwèn, kit se nan lafwa, kit se nan konn pale byen, kit se nan kònesans verite a, kit se nan aktivite nou pou Bondye, kit se nan renmen nou gen pou mwen. Se poutèt sa mwen ta renmen wè nou bay ak tout kè nou pou zèv sa a tankou moun ki rich”. San mank, bay la mare ak lavi esprityèl nou. San dout, bay la mare ak matirite ak kwasans esprityèl nou yo. San dout, bay la mare avèk emosyon nou yo tou. Pa gen okenn sijè ke mwen konnen ki lakòz plis malèz nan legliz la pase tèm lajan an.

Nan kontèks ekriti nou yo, yo te mete aksan sou de nan prensip fondamantal nou yo: fidelite ak jenewozite. Fidelite toujou anvan jenewozite! Moun yo pap janm aprann jenerozite oswa sakrifis (pwochen etap nou an) jiskaske yo te fidèl. Ann gade apèl Bib la fè pou nou pratike jenewozite a.

I. Yon egzanz jenewozite

2 Korentyen 8: 1-2

Legliz Masedwàn

- ▶ Jenewozite soti nan povrete ak pèsèkisyon — v.2
 - Petèt, Pòl ap ekri moun ki te pi rich nan legliz yo.
 - Yo te ranpli ak kè kontan.
 - Kè yo te ladan l’ diran yon ane de sa.
- ▶ Jenewozite pou gwo kè kontan yo te genyen
 - Lè ou bay pi plis pase sa ke ou “dwe bay”, yon bagay pwisan rive
 - “Jis bay li”
- ▶ Jenewozite kòm yon demonstrasyon adorasyon
 - ...lanmou yo pou Bondye!
 - Dim nan se yon demonstrasyon adorasyon!
 - Donasyon an kapab fèt “tankou se pou Seyè a”
 - Jezi te di konsènan moun ki te bay moun ki nan bezwen yo “ou fè sa pou mwen”
- ▶ Jenewozite akòz ke yo genyen bon priyorite

II. Yon egzòtasyon pou kesyon jenewozite a

- ▶ Jenewozite a gen pou wè avèk anpil lòt gras — v.7
- ▶ Jenewozite a se prèb senserite — v.8
- ▶ Kris la se modèl jenewozite — v.9
- ▶ Jenewozite soti nan fidelite — v.10
 - Ou pa jis kòmanse jenere yon jou. Se yon lavi fidèl.
 - Pafwa nou dwe fè yon ti kanpe epi obsève si gen pwomès nou inyore.
- ▶ Jenewozite a toujou baze sou sa nou genyen — v.12
- ▶ Mwen dwe yon administratè nan sa mwen genyen.

[Ilustrasyon: Yon pastè te gen yon zanmi kiltivatè nan kongregasyon l lan e yo te pale sou kloti a yon jou. Pastè a te di kiltivatè a konsa: "Abe, si ou te gen san cheval, ou ta ban m 'senkant?" Abe te di, "Sètènman". Pastè a te mande, "Si ou te gen yon santèn bèf, ou ta ban m 'senkant?" Abe te di, "Wi". Lè sa a, pastè a mande, "Si ou te gen de kochon, ou ta ban m 'yon sèl"? Abe te di, "Koulye a koupe sa, pastè; ou konnen mwen gen de kochon!" Li fasil pou yon moun jenere nan teyori, men vrè jenewozite a baze sou reyalitye nan sa ou genyen.]

- ▶ Jenewozite a se yon repons anvè pawòl Bondye a — v.15
 - TOUT pwomès Bondye yo!

III. Yon Ankourajman pou kesyon Jenewozite a

Sèt prensip bibliik nan 2 Korentyen 9

- ▶ v.6 — Nou pral rekòlte sa nou simen.
- ▶ v. 7 — Bondye renmen moun ki bay ak kè kontan.
- ▶ v. 8 — Gras Bondye a an kantite.
- ▶ v. 10-11 — Jenewozite a miltipliye rekòt la.
- ▶ v. 13 — Jenewozite a ankouraje lòt moun.
- ▶ v. 14 — Jenewozite a pwodwi lapriyè, pwisans ak louwanj.

Sakrifis

[Li Lik 21: 1-4.]

Mwen vle ou konnen ke mwen trè ezite pale sou twazyèm eleman sa a nan yon fondasyon pou administrasyon bibliik la. Mwen kwè ke li absoliman vital, e mwen kwè nou gen yon manda bibliik pou viv li. Tou senpleman mwen jis pa sèten ki jan mwen kapab fè li byen, epi li toujou fè m' santi mwen mal alèz lè mwen sijere ke sa a se yon pati nan administrasyon bibliik la. Mwen kapab santi mwen genyen anpil konfyans ke fidelite a te karakterize lavi mwen, e byenke pa gen okenn dout mwen te santi m' limite anpil fwa, an jeneral, mwen gen sansasyon ke fòmasyon espiyèl mwen genyen ladan li, viv yon lavi ki baze sou fidelite. An reyalye, mwen ta ka di ke pifò nan moun ke mwen te gen privilèj pastore yo te viv yon lavi fidelite ki byen solid. Jenewozite a fè m' santi mwen yon ti jan ensèten pa fwa. Li se yon bagay ke mwen te toujou anvi viv, e se poutèt sa ke lè mwen reflechi sou atitud mwen yo ak jesyon mwen, mwen gen sansasyon ke mwen te vin grandi anpil nan domèn sa a epi pa fwa, mwen fè sa trè byen.

Men, sakrif... Mwen te lite ak sa anpil. Istorikman legliz la gen anpil gwo egzanp sou moun ki te viv yon lavi sakrifis. Pifò nan nou ta gen yon lis sa yo nou ta gen ladan kòm modèl egzanplè nan tout syèk yo nan legliz la. Pa egzanp, mwen ta devine pi fò nan nou ta gen ladan *Mother Teresa* [Manman Terèz]. Kòm yon jèn minis, mwen sonje anpil fwa panse ke pwobableman chak jenerasyon te gen modèl enkwayab sa yo ki te viv yon lavi sakrifis, men mwen te poze tèt mwen kesyon sou jenerasyon pa m' nan. Mwen te li istwa istorik yo epi mwen te temwen pèsònèlman sa yo ki nan jenerasyon paran mwen k' ap viv sakrifis la lè mwen te yon timoun ap grandi nan legliz la. Mwen te konnen te gen frè ak sè kretyen nan lòt peyi ki te viv sakrifis la, men mwen reyèlman te mande si li te menm posib pou kretyen nan kilti konsomasyon nou yo ak moun ki gen anpil privilèj yo vin egzanp nan fè sakrifis. Mwen te kesyone si wi ou non nou ta kapab viv twazyèm eleman sa ki se yon fondasyon pou administrasyon bibliik. Mwen pral di ou ke mwen te vin kwè ke li te rive. Nan kèk minit, mwen pral rakonte ou yon istwa de sa mwen te temwen kòm yon pastè ak ki jan mwen te konfese mank mwen nan lafwa nan ki jan mwen te kwè ke pèp Bondye a nan jenerasyon mwen an ta reponn a apèl Bondye a. Mwen kwè ke menm jan gen yon baton pou mezire fidèlite ak jenerozite, nou gen yon modèl bibliik oswa lantiy lan ke nou ka wè pwòp repons nou fas ak apèl sakrifis Bondye a.

Tèks ekriti ki vin lantiy sa a pou mwen se 2 Samyèl 24:24 lè David deklare "Non. Se achte m'ap achte. Se pou m'peye pou yo. Mwen p'ap pran anyen ki pa koute m'lajan pou m'ofri pou boule nèt pou Seyè a. Se konsa, David achte anplasman glasi a ansanm ak tout bèf yo pou senkant pyès ajan".

Se pa paske David te pafè, paske nou konnen li pa t konsa vre. Wa David te eseye kalkile kijan kapasite li ak pouvwa lame Izrayèl la te kapab pwoteje yo. E Bondye pa t pran plezi nan aksyon wa a. Epi asireman, nou konnen ke sa se pa t sèl bagay ki te mal ke David te fè nan lavi li pou montre feblès li yo. Se konsa, 2 Samyèl fèmen jan 1 Samyèl kòmanse a. Nou wè istwa Samyèl la nèt, Sayil, ak David ant bout liv yo nan de zak senp nan devosyon, adorasyon ak sèvis ofrann bèt. 1 Samyèl kòmanse ak priyè Àn nan. Li se yon fanm ki definitivman reprezante majinalize tout tan. Li pa te gen okenn estati, pa gen okenn pouvwa, pa gen okenn respè, e menm te santi li pa te gen okenn rezon pou viv. Lapriyè li, manjezon li te santi nan fon kè li, se yon demonstrasyon adorasyon devan Bondye ki gen tout pouvwa a. Li pa gen anyen pou l'ofri ke lafwa. Men, nan konfyans sa a, li deklare ke si louwanj li a mande yon sakrifis, li ta adore toujou. Si Bondye ta ba li yon pitit gason, li ta remèt li bay Bondye an sakrifis. Gen anpil istwa pwisan irezistib tankou istwa Àn sa ak kado Bondye a pou li ak pou nasyon jèn Samyèl sa.

Après sa, 2 Samyèl fèmen ak repons yon moun ki non sèlman nan mitan moun ki majinalize yo, men youn ki reprezante gwo pouvwa politik ak ekonomik. Men, deklarasyon David la te menm: “Non. Se achte m’ap achte. Se pou m’peye pou yo. Mwen p’ap pran anyen ki pa koute m’lajan pou m’ofri pou boule nèt pou Seyè a”.

Remake ke demonstrasyon adorasyon David la ta pral yon sakrifis.

- ▶ Sakrifis la te yon ofrann konsekrasyon.
 - Sakrifikatè a te ofri bèt pou boule chak jou
 - Siyifi remisyon konplè devan Bondye

Remake kijan lide Nouvo Testaman pou bay la mare nan pratik Ansyen Testaman nan ofrann pou fè sakrifis yo.

- ▶ Women 12: 1-2
 - “Bay lavi ou”
- ▶ 2 Korentyen 8
 - Soti nan pobrete
 - Vrè sakrifis
 - Remèt ou bay Bondye... konplètman / totalman
- ▶ Ansèyman Jezi a:
 - “Ti santim vè la”: konpare ak moun sa yo ki te bay pou fè moun wè epi san abondans

Mwen kwè ke kapab jwenn yon mezi bibliik pou sakrifis nan mo sa yo; “Mwen pap janm ofri Bondye m nan yon sakrifis ki pa koute m anyen”. Aksyon peye ladim nan se vrèman yon demonstrasyon adorasyon e li se yon mezi fidelite, men, Bondye deklare “dim lan se pou li”. Ebyen, lè mwen peye ladim, mwen bay sa ki te deja pou li a. Si mwen bay avèk kondisyon, reyèlman li pa koute m anyen vre; jiskaprezan mwen toujou kenbe kontwòl la. Lè ke mwen bay pi plis pase ladim nan, kèlkeswa kantite ke li ye a, si li soti nan abondans, li kapab jenewozite, men li pa sakrifis. Jezi te di, “si ou bay sèlman moun ki renmen lanmou oswa sèlman beni moun ki beni ou”, èske sa koute w yon bagay an reyalite?

Gen yon chan ke Larnelle Harris te fè popilè anpil ane de sa ki genyen pou tit: “Lè louwanj lan mande yon sakrifis”.

*Lè louwanj lan mande yon sakrifis, mwen pral adore menm lè sa a.
Remèt tout bagay sa yo mwen renmen anpil nan lavi a.
Men, si devosyon an koute m tout bagay, l’ap jwenn mwen fidèl a apèl li.
Lè louwanj lan mande yon sakrifis.*

[Ilustrasyon: Pataje yon istwa sou sakrifis k ap ba ou wè tankou yon timoun nan legliz la oswa ke ou te wè nan ansyen jenerasyon yo.]

Kòm yon jèn pastè, mwen te kòmanse mande si reyèlman te gen moun konsa ankò nan legliz la, oswa omwen kèk moun konsa nan peyi Etazini. Mwen te kòmanse mande tèt mwen si paske nou te tèlman beni ak anpil bagay e ke konsomasyon an te tèlman kaptive kè ak lespri yo, nou jis pa t 'wè yon lavi sakrifis ankò. O, mwen te kwè te gen moun ki te jenere, men yo te andeyò abondans lan, se konsa nan lide m 'li pa t' monte nan nivo sakrifis.

[Ilustrasyon: Pataje yon istwa sou yon gwo ofrann sakrifis ke yon jèn ti moun te bay.]

Istwa 2 Samyèl la kaptire kè mwen ak lespri mwen. Apèl pou sakrifye a se yon apèl bibliik li ye. Mwen kwè ke li se yon pi gwo defi pou moun ki posede anpil la. Mwen panse ke se sa Jezi te di lè li te fè referans ak moun rich yo k ap antre nan Wayòm nan. Men, mwen te bezwen yon lantiy ki ta pèmèt mwen wè li. Mwen deplore moun ki banalize apèl Women 12: 1-2 pou "prezante tèt nou tankou sakrifis vivan". Mwen te tandè vwa yon gwo zotobre ki bay tèt li non Apot ki tèlman espiyèl ki t'ap kònen klewon pou di ke sa pa genyen anyen pou wè avèk yon apèl pou moun k ap viv reyèlman. Men, mwen te sèten tou ke apèl bibliik pou sakrifye a pa t yon manda pou yon ve nan povrete. Mwen konnen gen moun ki sou syèk yo ki te panse ke tout bon vre se sa ke li te ye. Men, mwen te kòmanse wè pouvwa a nan deklarasyon sa a pa wa David "Mwen pap janm ofri Bondye m nan yon bagay ki pa koute m anyen". Sakrifis: twazyèm wòch fondasyon nan administrasyon bibliik la.

Lè louwanj lan mande yon sakrifis, mwen pral adore menm lè sa a.

Remèt tout bagay sa yo mwen renmen anpil nan lavi a.

Men, si devosyon an koute m tout bagay, l'ap jwenn mwen fidèl a apèl li.

Lè louwanj lan mande yon sakrifis.



Pi bon kesyon finansye yo



Youn nan pi gwo leson mwen te aprann pandan m t ap etidye pou ministè a se sa a: pou w jwenn bon repons yo, ou dwe konnen kijan pou w poze bon kesyon yo.

Anpil moun fè anpil erè enpòtan nan lavi yo tou senpleman paske y’ap plede swiv tou sa ke moun ap di olye pou yo poze kesyon ki kòrèk yo. Sa a se, pa egzanp, yon fason ki reyèlman pa bon pou achte yon machin, espesyalman lè y’ap peye vandè a pa komisyon.

Anpil lòt moun poze kesyon, men yo poze kesyon ki pa kòrèk yo. Pou egzanp, lè w ap chèche achte yon kay, se pa yon bon lide pou w mande moun k’ap prete lajan an “ki kantite kay mwen kapab pèmèt mwen achte?” Moun k’ap prete moun lajan yo jeneralman vle prete ou plis lajan pase sa ke ou menm w’ap fasil pou w remèt akòz de finans ou ki pa byen balance.

Se konsa, an mezi ke n’ap pale osijè de pi bon pratik finansye yo maten an, mwen pa vle ba ou yon lis 50 règleman finansye yo pou w viv. Olye de sa, mwen vle ba ou kèk “kesyon ki kòrèk” pou w poze. Epi, si ou kapab poze “kesyon ki kòrèk sa yo”, ou pral nan yon pozisyon trè fò pou w kapab kenbe yon vi finansyèman an sante.

Kesyon # 1: Èske lavi finansye mwen byen òganize ak pwoteje?

Genyen de kesyon diferan ki papab parèt, men yo lajman relye ant yo. Ou pral travay sou yon bidjè pèsonèl, sou baz yon lavi finansye ki byen òganize. Men tou, li sèvi kòm yon pwoteksyon, deja ke si sa kontinye, li pral pwoteje ou kont depans ki pa nesèsè yo.

Men kèk lòt fason pou reflechi sou kesyon sa a. Gen plizyè sit entènèt ki pral ede w reyalize yon mach a swiv nan lavi finansye ou. Fè yon kalkil de tout lavi finansye ou soti nan kat kredi jiska kont bank ou yo, kont retrèt ou yo e menm valè apatman kote w rete a. Premye a nan sit sa yo reyèlman ki te detache a se te Mint.com, ki se sit ke mwen te itilize. Depi lè sa a, genyen plizyè lòt sit ki te parèt, tankou EveryDollar Dave Ramsey la ak YNAB.

Si ou dispoze pou w pran yon mezi pou w pran risk pandan w’ap mete tout enfòmasyon finansye ou sou yon sèl platfòm, tout sit sa yo kapab sèvi antan ke gwo zouti. Ou ka sèvi ak yo pa sèlman pou w kapab mete kesyon prè ou yo ajou, kont ak envestisman ou yo, men tou se pou reyalize yon mach aswiv nan bidjè ou. Paske yo ka swiv kat dèt ou ak kredi tankou chèk ou yo, yo ka fè ke mannèw bidjè ou vin pi fasil an mezi y’ap aprann klasifye kategori depans ou yo. Sèvis sa yo kapab tou voye ba ou rapèl lè bòdwo yo ap vini, li voye ba ou anons si ou gen depans etranj sou yon kont bankè oswa kat kredi, epi tou ofri sèvis tankou yon nòt kredi gratis chak mwa.

Yon lòt benefis nan yon sèvis tankou sa a se ke li ede mari oswa madanm yo dwe sou menm paj la sou kondisyon finansye ou. Pafwa, mari oswa madanm ki pa peye bòdwo yo ka santi yo nan fè nwa sou kondisyon finansye yo, epi sèvis sa yo pèmèt yo ale nan sit la epi byen vit wè balans kont bankè a, balans kat kredi a, elatriye.



Sa ki lakoz mwen vrèman enterese pou m bay atansyon m sou kesyon sa a. Gen sèvis ou ka peye pou kontwole kredi w la ak idantite ou. Pandan anpil ane mwen te oblije wè si mwen te kapab jis kontwole kat kredi mwen ak deklarasyon bankè yo, epi si mwen te pran anpil prekosyon avèk enfòmasyon pèsònèl mwen te bay lòt moun, mwen te kapab evite gen idantite mwen yo vòlè li. Sepandan, mwen chanje panse mwen sou sa lè yo te devwale vyolasyon done Experian an. Experian se youn nan twa gwo ajans kalifikasyon kredi yo. Se konsa, la gen yon konpayi ke mwen pa janm bay enfòmasyon pèsònèl mwen, mwen pa janm siyen yon kontra prete, e poutan malgre sa, yo te deja genyen tout done finansye mwen yo. Epi aprè sa, yo te pirate yo. Depi lè sa a, mwen te enskri nan yon sèvis ki pa sèlman kontwole kont mwen yo, men tou ki pral ede m korije erè yo.

Ou pa bezwen anboche yon konpayi pou fè sa. Ou kapab rive fè rapò anyèl kredi ou a pou kont ou. Dapre lwa ameriken an, ou gen dwa resevwa yon kopi rapò gratis sou kredi ou lan chak ane nan chak twa ajans rapò kredi yo. Si ou kite gwo espas avan w bay rapò yo, ou ta ka jwenn youn chak kat mwa, kidonk, ou ka kenbe yon mach aswiv nan sa ki sou rapò ou pandan tout ane a. Asire ou ke ou ale nan sit ofisyèl la, ki nan lis isit la: [annualcreditreport.com](https://www.annualcreditreport.com). Gen anpil sit entènèt deyò ki pral mande w peye pou resevwa rapò ou yo, kidonk asire ou ke w itilize yon sèl la. Revizyon ke ou fè souvan alega de rapò kredi ou ap ede ou detekte depi davans nenpòt siy vòl didantite epi pèmèt ou pran aksyon ki nesèsè yo pou w korije sa.

Kenbe lavi finansye ou òganize ka ede ou tou kenbe to enterè ou yo pi ba. Pèman rate yo oswa menm an reta ka lakòz ogmantasyon pousantaj enterè sou prè ak kat kredi yo.

Yon lòt pati nan pwoteksyon lavi finansye ou lan se genyen yon fon ijans. Yon sondaj ane pase pa CareerBuilder.com te rive reyalize kote ke 75% nan Ameriken yo t'ap viv de chèk an chèk. Lè w ap viv de sale an salè, li vòlè kapasite w pou jere depans ke w pat prevwa yo. Depans enprevi sa yo vin konvèti an dèt an mezi ke y'ap antre sou kat kredi a. Machin nan pral kraze, frijidè a pral deranje, aparèy chofaj dlo cho a ap bezwen ranplase epi sa ki plis pwobab la, li posib pou ke yo tout rive nan menm mwa a. Ebyen bon, nou ka espere ke sa pa rive konsa vre, men yon fon ijans pral ede w pwoteje tèt ou kont plis dèt toujou.

Gen anpil lòt aspè nan siyifikasyon ou dwe òganize ak pwoteje, men nou espere ke kèk egzanp sa yo te fè ou panse sou kijan w byen òganize ak pwoteje kounye a.

Kesyon # 2: Ki depans alontèm ki an plas pou abidid finansye mwen yo?

Sa a se yon kesyon enpòtan ke ou dwe poze tèt ou lè w'ap fè gwo acha ki enpòtan yo, tankou yon machin oswa aparèy elektwodomestik yo. Genyen anpil antrepriz ki pral ofri ou finansman a 0% si ou elimine acha w la nan yon peryòd de tan ki byen detèmine. Koulye a, poukisa nan mond lan, ak pousantaj enterè kat kredi alantou 20%, yon konpayi ta ofri pou prete ou lajan pou w achte pwodwi yo nan 0% enterè? Bon, yo te aprann ke genyen yon bon kantite moun ki pa pral jwenn atik sa yo peye nan fen fenèt enterè 0%, epi devine kisa k ap pase lè ou pa ka peye li nan tan ki detèmine a? Achte yo pa jis peye enterè sou balans ki rete a, men kounye a yo dwe enterè sou tout peryòd 0% peman enterè yo.

Li ka sonnen bèl anpil pou yon moun achte aparèy elektwodomestik a 0% enterè, men ki sa ki pri alontèm nan si li pase bon tan ap itilize epi ou pa kapab jwenn lajan pou w peye atik sa yo nan tan ki te detèmine a? Ou ka panse ou pap gen okenn pwoblèm pou peye li alè, men ou mèt kwè mwen, boutik yo sèlman ofri kontra sa yo paske genyen anpil anpil moun ki pa peye yo.

Panse sou pri alontèm se pa sèlman sou gwo atik tankou machin oswa aparèy elektwodomestik yo. Epi tou se yon kesyon ki bezwen mande pou w poze li fas ak nenpòt ki acha ou fè ki ale sou yon kat kredi ki gen balans ke w pap peye nan fen mwa a. Si ou fè pèman minimòm nan nan yon sware randevou ki koute \$ 50 avèk soupe ak yon fim, an reyalyte, se yon sware randevou ki koute \$ 55. Sa pa sanble yon gwo pwoblèm, men si ou toujou ajoute yon ti chaj kat kredi sou yon lòt, pri a long tèm nan vin plis ranfòse.

Koulye a, mwen konnen sa a pral fè m sanble yon vye gran moun, dekonekte, men, sèvi avèk kat kredi se yon bagay ki byen chè. Li chè paske etid apre etid montre ke gen moun ki peye plis lè yo sèvi ak kat kredi pase lè yo itilize lajan kach la. Pa egzanp, McDonald rapòte ke gen moun ki depanse an mwayèn \$ 7 lè y ap itilize kat kredi yo \$ 4.50 pou lajan kach. Lòt etid yo te jwenn moun ki depanse an mwayèn 12-18% plis lè w ap itilize yon kat kredi pase lè w ap itilize lajan kach. Epi remake sa pa menm pran an kont si wi ou non w ap pote yon balans chak mwa. Se konsa, menm si ou peye bòdwo kat kredi ou chak mwa, tou senpleman lè w sèvi avèk kat kredi pwobableman fè nou depanse plis lajan pase sa ke nou ta kapab panse.

Anpil moun pa gen yon liy “goute chak jou” nan bidjè a menm si yo achte yon kafe chak jou ak yon ti goute apremidi nan machin lavant lan. Tout “ti detay chak jou sa yo” kapab reyèlman ajoute pou rive yon total. Si ou gen yon Starbuck Venti Mocha chak jou pou \$ 3.50, oswa sèlman yon koka kola ak goute nan machin lavant lan pou \$ 3.50 pa jou, sa vin rive jiska \$ 1.430 nan yon ane.

Kesyon # 3: Konbyen ki ase?

Ki jan ou fè detèmine lè ou gen “ase?” Ki kantite lajan nan kont labank la ki ta dwe “ase?” Konbyen pye kare ki ta fè kay ou gwo “ase?” Ki sa ki ta dwe prezans nan sèvis adorasyon an pou ou ta konsidere li “ase?”

Pou di sa ki verite, pifò Ameriken pa panse an tèm de “ase;” nou panse an tèm de “plis.” Pou tout kesyon ki anwo yo, repons natirèl la se pa panse an tèm de yon nimewo fiks, menm si se ta dola, pye kare, oswa moun — men yo panse an tèm de “plis.” Kèlkeswa konbyen lajan nou genyen nan bank lan, nou toujou vle “plis.” Kèlkeswa kantite chanm ke kay nou an genyen, nou ta renmen “plis.” Kèlkeswa kantite moun ki te asiste sèvis adorasyon Dimanch lan, nou toujou espere pou “plis” moun vin patisipe semèn k’ap vini an”.

Epi pou rive nan yon sèten limit, li trè bon pou ke genyen yon gwo atant, objektif pou rive atenn ak optimis ke lavni an pral pi bon pase tan prezan an oubyen tan ki sot pase yo. Sepandan, genyen yon danje tou nan panse sèlman an tèm de “plis” epi pa janm an tèm de “ase.” Danje a sèke nou manke apresye benediksyon Bondye bay deja yo.

Pòl ekri kreyen nan lavil Filip yo: “Mwen konnen sa ki rele viv nan mizè, mwen konnen sa ki rele viv nan richès. Kit mwen pa gen ase, kit mwen gen plis pase sa m’ bezwen, nan tout sikonstans m’ aprann kontante tèt mwen toupatou ak sa mwen genyen. Nenpòt sitiyasyon ki parèt devan mwen, m’ap degaje m’, gremesi Kris la ki ban mwen fòs kouraj (4: 12-13, VBJ).

Kijan nou kapab konsidere kesyon viv, planifye, ak jwi lavi anba benediksyon pou kontan avèk genyen “ase” olye pou vle toujou gen “plis” ?

Sou yon nivo pèsònèl, nan kay pa nou an omwen, sanble ke viv nan yon nivo vi ki pi ba pase chèk peman nou yo. Youn nan pwoblèm yo sèke anpil Ameriken fè fas sèke yo pa genyen yon bidjè pèsònèl pou montre yo fason pou ke yo depanse lajan yo. Sepandan, menm pou moun ki gen yon bidjè, yo mal kòmanse pwosesis bidjè a ak kantite revni ke yo pwojete a epi aprè sa a, detèmine ki kantite lajan yo kapab depanse. Kisa ki ta rive si olye nou te kòmanse pwosesis bidjè nou yo ak sa ki nesèsè? Lè nou detèmine estil lavi nou ki baze sou sa nou bezwen olye ke sa nou vle, nou jwenn libète pou ke tou senpleman nou depanse tout lajan ke nou resevwa yo.

Pou anpil moun, tout bagay sa yo ka sonnen tankou yon mank de konfyans nan Bondye. Èske nou pa kwè nan yon Bondye ki ka fè pi plis pase tout sa nou ka mande oswa imajine? Èske nou pa kwè nan yon Bondye ki posede bèt yo sou mil ti mòn yo? Si se konsa, poukisa nou pa ta kapab atann Bondye sa a ki gen plis pase ase ban nou plis pase ase?

Mwen kwè ke Bondye ap ban nou plis pase sa nou bezwen, men li pap ban nou plis pase sa nou vle. Paske, kòm Ameriken, dezi nou yo san limit. Depi tou piti, yo te déjà anseye nou pou ke nou bat pou nou “genyen” jwèt ki pi nèf la, dènye modèl yo, ak aparèy ki pi rapid yo. Lè nou aprann pou ke nou genyen kontantman, nou disène si bagay ki plis resan ak plis rapid ke nou vle yo reyèlman nesèsè.

Aparamman, manifestasyon dezi san limit nan XXI yèm syèk la se pa sèlman yon pwoblèm Ameriken, paske John Wesley te kontre kare pwòp tèt pa li sou sijè sa a. John Wesley bay twa endikasyon nan predikasyon li a sou koze sèvi ak lajan: “Bat pou w rive fè kantite ou kapab,” “Sove tout sa ou kapab,” “Bay tout sa ou kapab”. Dezyèm endikasyon sa a, “Sove tout sa ou kapab,” se pa sou kont ekonomi oswa planifikasyon pou pran retrèt ou. Olye de sa, konsantre ou sou ekonomize lajan pandan w’ap refize gaspiye lajan nan fè “depans ki pa menm nesesè”.

Nou dwe bay manje, rad ak lojman pou tèt nou ak fanmi nou yo. Sepandan, Wesley avèti nou ka fini gaspiye anpil nan lajan nou an lè nou pèmèt dezi nou olye ke bezwen nou yo detèmine ki kalite manje, ki kalite rad, ak ki kalite lojman nou dwe achte.

Li tou avèti nou ke nou gaspiye anpil nan lajan nou lè nou pèmèt ke ògèy nou, olye de bezwen nou yo, detèmine sa ke nou achte. Lè ke nou abiye pou nou atire atansyon moun, lè nou vle machin nou an oswa kay, sa dwe yon refleksyon sou ki moun nou ye, nou pèmèt ke ògèy la detèmine ki jan pou nou depanse lajan nou.

Wesley tou avèti sou sik visye nou kote ke lè nou antre ladan li, nou pèmèt dezi nou ak ògèy nou yo detèmine ki jan nou depanse lajan nou. Paske plis nou kite nou dirije pa dezi nou epi ògèy nou yo, se plis nou pral anvi. Apre sa, li di, “eksperyans chak jou montre, plis nou bay yo, yo vin plis ogmante”.

Lè nou dekouvri sa ki “ase”, nou pral aprann jwenn satisfaksyon ak tou sa Bondye deja bay. Lè tout sa nou vle se “plis,” nou pral lite tout tan pou nou jwenn satisfaksyon ak dispozisyon Bondye. Ki pwoteksyon ou ka mete an plas pou ede ou apresye tout benediksyon Bondye deja konfyè ou olye ke w konsantre sèlman sou benediksyon ou poko resevwa yo?

Kesyon # 4: Ki sa ki motive nou pou nou atenn objektif finansye nou yo?

Pèsonalite nou yo gen yon enfliyans enpòtan sou ki jan nou santi nou ak fason ke nou sèvi ak lajan. Nou pa “yon bann tablo vid” lè sa gen pou wè avèk finans, men pito nou genyen pwòp tandans natirèl nou sou ki jan nou santi nou ak fason ke nou sèvi ak lajan. Rekonèt pwòp tandans nou yo nan sans sa a se yon etap esansyèl pou metrize lajan olye pou lajan domine lavi nou.







Anplis de sa, sa tou se yon verite enpòtan ke ou dwe rekonèt si ou marye. Pou ou gen yon relasyon ki an sante ak mari ouwa madanm ou, ou pa dwe sèlman gen yon relasyon ki an sante ak lajan tèt ou, men tou rekonèt ki jan mari ouwa madanm ou santi l ak sèvi ak lajan. Menm jan ke kèk fwa pòl ki opoze yo konn atire youn lòt, se menm jan tou ke sa rive nan maryaj la, se konsa ke pòl opoze yo pafwa konn atire sou kijan madanm oubyen mari a santi li sou zafè finans yo.

Tès pèsonalite yo se zouti ki itil anpil ki pou ede nou rekonèt ki jan nou santi nou sou kesyon lajan epi ban nou yon lide sou poukisa nou itilize lajan ke nou fè nan fason ke nou itilize l la. Tès la pèsonalite a se yon sèl tès pèsonalite ke otè finansye kreyen an tou te itilize li menm ki se Larry Burkett menm jan ak pèsonalite kreyen Dave Ramsey itilize pou ede kreyen konprann atitud yo nan direksyon ak abitud ak lajan. Larry Burkett gen yon ekspozisyon ekselan nan karakteristik pèsonalite ak lajan DiSC® nan liv li *More than Finances*. Dave Ramsey genyen kèk enfòmasyon ki bon anpil tou sou sit entènèt li ki se (daveramsey.com/blog/disc-personality-test).

Anvan nou antre nan karakteristik pèsonalite yo, mwen vle eklèsi de limitasyon sou tès pèsonalite yo. Premyèman, tès sa yo pa ba ou yon imaj ki konplè. Pèsonalite nou yo pa ka rezime nan youn nan nenpòt ki kantite kategori, ni jeneralite sa yo aplike pafètman pou ou. Se konsa, pran tès la pou sa li ye a: yon zouti ki ede kòmanse yon diskisyon sou ki jan pèsonalite wè ak jere lajan youn fason diferan.

Dezyèmman, menm jan ak tout diskisyon sou pèsonalite, pa gen okenn pèsonalite ki “bon” ouwa “pa bon”. Sa a se verite ak ki jan pèsonalite yo santi yo ak trete dosye lajan. Chak nan karakteristik pèsonalite sa yo gen yon bagay bon pou yo pote sou sa ki gen pou wè ak pratik lajan yo. Chak nan bagay sa yo tou gen kèk avètisman lè sa gen pou wè avèk pratik lajan yo. Tout moun ka byen itilize lajan yo, kèlkeswa pèsonalite yo. E poutan, pou ke sa kapab rive konsa, nou bezwen konnen pwòp fòs ak feblès nou yo, pou nou ka bati sou fòs nou yo epi fè dispozisyon pou feblès nou yo.

DiSC® Pwofil pèsonalite ak tandans finansye yo

	SECONDÈ "D" DOMINASYON <i>(DOMINANCE)</i>	SECONDÈ "I" ENFLIYANS <i>(INFLUENCE)</i>	SECONDÈ "S" ESTABILITE <i>(STEADINESS)</i>	SECONDÈ "C" KONSYANS <i>(CONSCIENTIOUSNESS)</i>
 MOTIVASYON PRIMÈ	Tan: "Ki sa ki pral rann mwen ekonomize tan mwen? Mwen vle atenn objektif mwen yo pi vit ke posib!"	Apwobasyon: "Ki sa ki pral fè m genyen anpil rekonesans ak apwobasyon?"	Mank konfli: "Kisa mwen ka fè pou m diminye chans pou konfli? Mwen vle ede lòt moun yo".	Pèfeksyon: "Ki sa ki pi bon an? Mwen ensiste sou bon jan kalite ak efikasite!"
 LAJAN REPREZANTE	Tikè pou pouvwa, otorite, kontwòl sou desizyon yo.	Tikè pou prestij, rekonesans, popilarite, akseptasyon.	Tikè pou ede lòt moun, sekirite pèsònèl.	Tikè pou kontwòl, prezizyon, ak itilizasyon analiz talan yo.
 SOLISYON PWOBLEM YO	Kontwòlè dezi yo menm anba estrès; "Nou ka jere pwoblèm sa a; nou pral fè li nan fason pa m nan!"	Gen tandans blame lòt moun pou pwoblèm yo. "Mwen pa kapab kwè ke ou lage nou nan tèt chaje sa a!"	Li renmen abòde pwoblèm yo annekkip. "Kalme ou; annou travay sou sa a ansanm".	Toujou prè pou analize ak plase pwoblèm yo nan yon fason ki metodik; fè gwo analiz pou paralize sijè a.
 TANDANS POU ACHTE	Byen oryante pou objektif yo. "Achte tou sa ke li te vini pou l achte epi deplase kite isit la". Li gen tandans achte bagay ki koute byen chè, mande pre gwo kantite lajan.	Evènman sosyal; li vle itilize pwodwi ki gen gwo mak yon fason pou l kapab jwenn atansyon, favè, epi kite yon enpresyon pozitif.	Li gen difikilte pou l di vandè yo "non;" li toujou ap tann jiska dènye minit pou l achte.	Achte ki konn obsève byen; desizyon li yo pran anpil tan jiskaske li jwenn "pi bon" pwodwi a; li peye pi plis pou bon jan kalite a.
 LIV KONTABLITE	Delege travay la. "Dakò, ou responsab kanè chèk la. Fè m konnen si w bezwen èd".	Li lite ak detay avèk òganizasyon. "Ki sa ki kontablite a?" epi "Ki kote kanè chèk la ye?"	Li prè pou l fè tout sa k'ap fè mari oswa madanm li plezi. "Asireman, m'ap kontan anpil pou m balanse kanè chèk la. Mwen ta renmen bay èd mwen".	Li fò anpil nan fè bidjè ak konsèyasyon dosye yo. Gade? Li balanse menm ti santim yo. Mwen te konnen mwen ta gen rezon!"
 PLANIFIKASYON	Li fò anpil nan fè pwojè alontèm yo. "Nou kapab pran retrèt ou alaj de 45 lè nou swiv plan mwen yo. Fwa sa a, nou pral fè yon fòtin!"	Prefere desizyon san reflechi sou planifikasyon. "Mwen te gen yon gwo lide; se pou nou vwayaje nan Florid pou nou fè yon ti chape poul nou pou fen semèn sa a! Èske sa pa sonnen enteresan!"	Dezi pou jwi moman prezan an menm; li pa enterese nan fè plan. "Mwen pral enkyete sou sa demen!"	Li fè kè l kontan san li pa genyen menm yon plan. "Ki kote nou pral viv nan 5 ane? Ki jan nou pral peye inivèsite a? Kisa k'ap rive si manman m antre nan yon mezon retrèt pou gran moun yo? Relò pa m nan di..."

Modifye pa Larry Burkett, More than Finances (Chicago, Illinois: Moody Publishers, 2000), 74.

Dominasyon. An jeneral, moun ki gen yon “D” segondè yo reyisi. Yo se pansè “panorama jeneral” yo menm ki renmen fè rev yo vin tounen reyalite. Se yo menm ki toujou ofri tèt yo antan ke volontè pou yo pran responsablite pou fè pwojè yo devlope nan travay yo. Yo renmen devlope objektif ki byen defini pou pwojè yo epi asire yo ke objektif yo akonpli. Yo briye nan bay fanmi oubyen òganizasyon yo bon direksyon.

Yo menm tou, yo se gwo planifikatè lè se zafè finans k’ap regle. Sepandan, toujou fè lajan se pa souvan objektif yo. Olye de sa, lajan se nòmalman yon mwayen pou rive atenn yon objektif. Lajan se yon zouti yo dwe itilize nan lòd pou konsève pou tan ak enèji pandan ke gwo objektif yo ap pouswiv. Pa egzanp, lajan pèmèt yo anboche moun ki byen prepare pou egzekite yon pwojè. Men, lajan kapab fè yo byen fristre tou lè li pa disponib.

Pliske pèsonalite dominan yo konsantre yo sou objektif yo, byen souvan, yo pa vle pou pwosesis oubyen detay yo nwi yo. Se poutèt sa, yo tranble fas ak lide pou yo balanse yon kanè chèk oswa fè revizyon sou atik ki sou entènèt yo ki gen pou wè ak dosye bidjè. Se pa paske yo pa ka fè travay sa yo, yo jis wè tan ak enèji yo pi byen konsantre sou sipèvize moun ki fè kalite travay sa yo.

Reflech sou fòs “D” ki pwisan yo an pote bagay ki bon anpil sou tab la konsènan finans nan fwaye. Ki sa ki ta kèk feblès segondè ke “D” pwisan yo an ta kapab pote? Si ou se yon “D, pwisan” ki nan tandans sa yo ou rekonèt nan tèt ou? Si ou marye ak yon moun ki se “D” pwisan, kisa ou rekonèt nan li menm antan ke fi oubyen gason?

<input type="checkbox"/>	Etabli anpil objektif finansye san limit	<input type="checkbox"/>	Delege travay ak detay yo
<input type="checkbox"/>	Atitud avanse	<input type="checkbox"/>	Fè demann responsablite pou depans yo
<input type="checkbox"/>	Pa pè prete gwo sòm lajan	<input type="checkbox"/>	Li kapab kenbe mari oswa madanm nan “nan fè nwa a” finansyèman
<input type="checkbox"/>	Chèche defi finansye yo	<input type="checkbox"/>	Li fristre; limenm ak kòlè
<input type="checkbox"/>	Prè pou fè gwo sakrifis jodi a pou rive atenn objektif demen yo	<input type="checkbox"/>	Li tounen yon diktatè lè li anba estrès finansye
<input type="checkbox"/>	Pa fasilman distrè de plan finansye yo	<input type="checkbox"/>	Detèmine pou jwenn yon fason
<input type="checkbox"/>	Enpasyon ak kontretan finansye yo	<input type="checkbox"/>	Li rapid pou l “resezi li”
<input type="checkbox"/>	Li kapab neglije bezwen fanmilyal yo	<input type="checkbox"/>	Antreprenè
<input type="checkbox"/>	Fè efò pou endepandans finansye yo	<input type="checkbox"/>	Li renmen pran risk finansye yo

Enfliyans. Moun sa yo ki genyen yon “I” ki pwisan yo se moun ki renmen kòmanse, men kòmansman yo a baze sou moun, men se pa nan objektif yo. Enfliyan yo se “moun-moun” ki jwi ak jwenn satisfaksyon lè ke yo gen rapò ak lòt moun. Enfliyan yo se yon pwomotè ki la pou konvenk lòt moun yo swiv lide yo genyen nan tèt yo. Yo se “nanm fèt la” epi yo pote plezi nan fanmi an.

Youn nan fòs moun ki enfliyan an se rekonèt kijan pou itilize lajan pou ede lòt moun. Kontrèman ak “D” segondè yo ki tante tou senpleman inyore enkyetid lòt moun, “I” segondè yo ap sispann epi koute enkyetid lòt moun yo. Paske nan enkyetid yo pou lòt moun, yo menm tou yo gen tandans yo dwe genyen konpasyon epi jenere anvè moun yo, lè l sèvi avèk lajan pou satisfè bezwen fizik epi kwayans lòt moun yo.

Sepandan, youn nan tantasyon moun ki enfliyan yo se pèmèt ke enkyetid yo pou sa lòt moun panse ak santi detounen objektif finansye yo. Yo ka tante pou yo itilize lajan pou jwenn rekonesans oswa apwobasyon nan men lòt moun. Bidjè ki fèt de yo kapab menm rive abandone pou evite koze diskisyon pèsònèl yo. Epi antan ke “D” segondè, moun ki enfliyan an tou ap lite ak detay finansye yo avèk òganizasyon an.

Reflechi sou fòs ki “I” ki pwisan yo pote sou tab la konsènan finans yo nan yon fwaye. Ki sa ki ta kèk feblès segondè “I” ta ka pote? Si ou se yon “I” pwisan, ki nan tandans sa yo ou rekonèt nan tèt ou? Si ou marye ak yon moun ki genyen “I” pwisan, ki sa ou rekonèt nan li antan ke fi oswa gason?

<input type="checkbox"/>	Achte bagay pou attire atansyon lòt moun	<input type="checkbox"/>	Reziste ap viv avèk yon bidjè
<input type="checkbox"/>	Endiferan	<input type="checkbox"/>	Pase pou pran plezi
<input type="checkbox"/>	Rapid, acha san reflechi	<input type="checkbox"/>	Bliye detay finansye yo
<input type="checkbox"/>	Optimis ekonomikman	<input type="checkbox"/>	Li kapab gen pwoblèm ak chif yo
<input type="checkbox"/>	Neglije aspè pratik nan ranpli yon vizyon oswa rèv	<input type="checkbox"/>	Moun ki bay avèk fidelite
<input type="checkbox"/>	Gate lajan pou simonte depresyon (kidonk anjeneral pwoblèm nan vin pi mal)	<input type="checkbox"/>	Chèche apwobasyon lòt moun
<input type="checkbox"/>	Nayif ak kredil	<input type="checkbox"/>	Li distrè fasil
<input type="checkbox"/>	Blame lòt moun pou pwoblèm yo	<input type="checkbox"/>	Reponn apèl pou ede lòt moun
<input type="checkbox"/>	Batay ak oto-kontwòl la	<input type="checkbox"/>	Viv nan “karil rapid” lavi a
<input type="checkbox"/>	Tankou rad ekla, bijou	<input type="checkbox"/>	

Estabilite. Moun ki gen yon “S” segondè yo gen tandans yo dwe reponn moun. Anjeneral y’ap pran swen moun. Yo briye nan relasyon, nan relasyon endividyèl, ak nan ti gwoup. “S” segondè yo trè atantif epi reponn a bezwen lòt moun. Yo pasyan, yo rete fidèl, epi serye.

Lè se bagay ki gen pou wè ak lajan, yo se jwè ekip ki renmen pote moun ansanm reyalize objektif yo. Yo ka trè òganize ak detay ki konsantre lè li rive manyen lajan, sepandan, yo pa vle fè li pou kont yo. Kòm non yo deja endike sa, yo se wòch fondasyon fanmi an oswa òganizasyon an, nan pote fòterès ak pasyans nan pwojè yo.

Sepandan, “S” segondè yo tante, nan dezi yo pou relasyon, pou fè evite konfli lè se zafè lajan k’ap regle. Kit li ap konbat pou l di yon vandè “non” oswa kenbe ekip la nan objektif lavni yo lè ekip la vle konsantre plis sou reyalite prezan, “S” segondè a kapab lite pou yo rete konsantre sou objektif la pandan y ap eseye tou pou fè evite konfli yo.

Reflechki sou fòterès ke yon “S” segondè pote sou tab la konsènan finans nan yon maryaj. Ki kèk feblès yon “S” pwisan ta ka pote? Si ou se yon “S” pwisan, ki nan tandans sa yo ou rekonèt nan tèt ou? Si ou marye ak yon moun ki se “S” pwisan, ki sa ou rekonèt nan fi oswa gason an?

<input type="checkbox"/>	Jenere nan ede lòt moun	<input type="checkbox"/>	Pa janm achte kòm yon aktivite “lwazi”
<input type="checkbox"/>	Gen tandans pou evite kreyansye yo	<input type="checkbox"/>	Ralanti pou pran desizyon finansye yo
<input type="checkbox"/>	Defèt	<input type="checkbox"/>	Li kapab fè tèt di pou fè chanjman
<input type="checkbox"/>	Kapab “sere sentiwon”	<input type="checkbox"/>	Anplwaye serye
<input type="checkbox"/>	Bon ekonomis	<input type="checkbox"/>	Viv nan revni mwen yo
<input type="checkbox"/>	Ezite pou fè epi egzekite plan ki along tèm	<input type="checkbox"/>	Chèche konsansis pou pran desizyon yo
<input type="checkbox"/>	Bay pou diminye soufrans lèzòm	<input type="checkbox"/>	Anvi pou sipòte plan ke lòt moun fè yo
<input type="checkbox"/>	Ralanti pou chanje investisman yo	<input type="checkbox"/>	Li kapab kache santiman reyèl yo
<input type="checkbox"/>	Depanse pou “jwi moman an”	<input type="checkbox"/>	Prefere pou lòt moun pran desizyon finansye ki “difisil” yo

Konsyans. Moun ki gen “C” segondè yo gen tandans konsantre yo sou bon jan kalite a ak presizyon nan travay epi yo se anplwaye ki gen konsyans. Moun “C” segondè yo se moun ki briye nan òganizasyon, bon jan kalite, ak efikasite. Yo byen oryante sou detay yo, yo estriktire, epi gen lojik. Yo kreye sekirite ak lòd nan fanmi an.

Kontrèman ak tandans natirèl twa lòt kalite pèsonalite yo, gwo “C” a renmen fè ak konsève bidjè yo. Pandan ke “D” segondè yo fè objektif yo epi pouse lòt moun yo reyalize objektif yo, moun “C” segondè yo se yo menm ki fè travay la an detay yo ka resevwa objektif sa yo reyalize. Yo renmen lè chèk la byen balanse!

Sepandan, “C” pwisan yo kapab santi yo tante pou yo prewokipe yo plis pou “rezilta final yo” pase moun yo. Gwo pèsonalite yo genyen yo kapab fè yo fleksib ak twò pridan. Lè li rive fè chanjman nan bidjè oswa nan pran desizyon finansye, yo kapab pa pran an kont opinyon lòt moun oswa santiman yo. Yo menm tou yo gen tandans fè analiz ekstrèm epi yo ka vin tèlman konsantre sou pran desizyon “kòrèk” yo ki fini san pran okenn desizyon.

Reflechki sou fòterès ke yon “C” pwisan pote sou tab la konsènan finans nan yon maryaj. Ki sa ki ta kèk feblès segondè “C” ta ka pote? Si ou se yon “C” segondè, ki nan tandans sa yo ou rekonèt nan tèt ou? Si ou marye ak yon moun ki gen “C” pwisan, kisa ou rekonèt nan li antan ke fi oubyen gason?

<input type="checkbox"/>	Ekselan pou balanse kanè chèk la	<input type="checkbox"/>	Dezi pou genyen anpil plan finansye
<input type="checkbox"/>	Li kapab genyen yon tristès oswa byen lwen pafwa	<input type="checkbox"/>	Respekte règ yo; pa gen okenn devyasyon
<input type="checkbox"/>	Ensiste sou efikasite	<input type="checkbox"/>	Pèdi opòtinite yo pandan y ap analize opsyon yo
<input type="checkbox"/>	Prè pou depanse pou bon kalite	<input type="checkbox"/>	Reziste kont desizyon ijan pou ka byen prepare
<input type="checkbox"/>	Kontwole dinamik fanmi yo ak reyalite ak figi	<input type="checkbox"/>	Planifikatè lojik
<input type="checkbox"/>	Pridan sou nouvo investisman	<input type="checkbox"/>	Krenn pou sa lavni ka pote
<input type="checkbox"/>	Gwo ladrès òganizasyonèl	<input type="checkbox"/>	Li kapab konbat kont laperèz nan sere lajan
<input type="checkbox"/>	Ranvwaye desizyon pou ranmase plis enfòmasyon pou “gen rezon”	<input type="checkbox"/>	Gwo apresyasyon pou bagay ki bèl
<input type="checkbox"/>	Natirèl nan mennen pwosesis bidjè a	<input type="checkbox"/>	Gran konsomatè

Li enpòtan pou etabli bèl objektif ak bidjè ki bon pou lavi nou. Sepandan, si nou pa okouran de ki jan santi nou pèsònèlman ak sèvi ak lajan, e se ankò mwens ki jan mari oswa madanm nan santi l ak sèvi avèk lajan, e poutan, menm pi bon objektif ak bidjè yo kapab vin pa vo anyen. Bon nouvel la se ke gen yon gwo fòterès ak pwomès lè moun yo reyini ansanm, lè yo sèvi avèk tout talan yo pou kreye yon plan pou lavni finansye yo. Lè lanmou, respè youn pou lòt, refleksyon ak lapriyè se fondasyon ni fwaye ak finans yo, Bondye kapab kreye yon bèl bagay.

Remak: Enfòmasyon ki nan paj 6-10 te adapte pa Larry Burkett, More than Finances (Chicago, Ilinwa: Moody Publishers, 2000), 57-80.



Yon gras ekstraòdinè



TRAVAY 26: 9-22a

Objektif: Pwovoke yon lanm kouraj fas avèk tout moun ak chak defi (finans, fanmi, oswa ministè) nan yon nouvo rankont ak Bondye lagras ekstraòdinè a.

- ▶ Entwodiksyon
- ▶ Yon twoub ki soti nan Bondye
- ▶ Akolad ki soti nan Bondye a
- ▶ Envitasyon ki soti nan Bondye a
- ▶ Kominyon

Entwodiksyon

Mwen felisite nou dèske nou la jodi a—pou kouraj nou, pou grangou ke nou genyen nan kè nou pou nou byen pran swen maryaj nou, ministè nou. Mwen felisite nou dèske nou travay di anpil.

Kalite etap sa yo enplike lagè espiritiyèl, epi erezman, nou gen zam Bondye a. Epi, nou genyen privilèj pou ke nou rete soude youn avèk lòt-fwa sa a nan fen semèn sa a ak kòwòt sa yo.

Lè Wesley te itilize fraz “sentete sosyal,” li pa t ‘pale sou ki jan sentete a pouse nou fè aksyon sosyal an repons a bezwen lòt moun. Li te pale de ki jan sentete, kòm yon travay ke Bondye fè nan kè nou, soti nan matirite ak li atenn gwo enpak konplè li sèlman lè ke nou konekte ak yon kominote moun ki kwè. Sinon, kwasans nou nan sentete ap kwachyòkò.

Prezante tèks predikasyon an. Li se yon pati nan yon istwa long nan kominote a ki kòmanse nan Travay 21.

- ▶ arestasyon an
- ▶ yon seri de sitiyasyon kote Pòl te pran defans li
- ▶ transfere nan lavil Sezare soti nan lavil Jerizalèm
- ▶ yon peryòd de tan byen long ak Festis (2 zan!), aprè sa a, Felix ak Wa Agripa

Antre nan moman sa a. Li tèks: Travay 26: 9-22a.

Ann priye.



Yon twoub ki soti nan Bondye

Ki sa Pòl dekri isit la se sa kèk moun ta rele **yon moman Bondye**: Yon moman kote ke Bondye fè deblozay.

Nan relasyon ak nou, Bondye—nan favè li—ensiste sou fè fas ak reyalite (bon an, move a, ak lèd la).

Pwoblèm lan se, reyalite se **pa** pwen de *depa nou*! Sa a te ka la depi nan tan lontan. Nou gen kapasite pou ke nou twonpe pwòp tèt nou. John Wesley te raple metodis yo byen bonè ke **premye travay lagras la se te mennen nou nan reyalite a**.

John Wesley te di, se pou vwal la chire devan zye nou avan tout bagay. Premye konvèsasyon Bondye te fè avèk nou yo te pouse nou rive nan reyalite a.

[Ilustrasyon: Bondye kraze tout abitud ki nan yon moun pou louvri je li nan reyalite espirityèl ki antoure li oswa nan yo.]

Istwa Otobis Majik la

Yon predikatè Nazareyen te monte nan yon otobis pou ale lavil Lond, peyi Angletè, menm jan li te fè chak jou pandan de semèn ki sot pase yo. Pa te gen anyen majik sou li. Li te monte otobis patikilye sa paske li te pi bon mache. Kòm sa yo, li te youn ki te plis frekante tou e te genyen anpil moun, men li monte nan pwent liy lan se konsa li te youn nan premye moun ki antre.

Pa te gen anyen espesyal sou jou sa a. Li te kontinye pou pi devan, kòm dabitid, epi li te rete chita pou fè vwayaj li a ki te dwe dire 35 minit woulib nan bibliyotèk la kote li t'ap travay sou tèz doktora l yo. Men, maten an pandan l ap gade moun apre moun monte nan bis la nan chak estasyon, Bondye te pale nan kè l. Bondye te di, “Mwen deja ap travay nan lavi **chak moun** sa yo”.

Pastè a reponn, “Se vre wi, se pa tout moun nan otobis sa a ki se kwayan!”

Bondye di: “Non, mwen poko, men mwen byen konnen tout sikonstans lavi yo chak, epi mwen nan konvèsasyon avèk yo de tanzantan. Gen kèk ki pa rekonèt mwen ankò, men mwen aktivman pouswiv yo tout”.

Kòm pastè Nazareyen sa a te kontinye woulib otobis la, je l' te plen avèk dlo. Pandan plizyè lane, li te preche sou gras ki rezistib la, men maten sa a gras rezistib la te vin tounen prèske evidan. Li toudenkou wè chak moun nan yon fason ki diferan. Li te fè bèl eksperyans ak lanmou Bondye a ak favè Bondye pou chak nan yo. Kòm favè Bondye a te kòmanse konvèsasyon ak moun ki pèdi a, favè Bondye a tou koumanse yon konvèsasyon ak paste sa, epi li chanje l' pwofondman. Li pa janm gade yon etranje menm jan an ankò.

Nan kèk okazyon, konvèsasyon sa yo ki te koumanse pa lagras vin kreye yon boulvès ak twoub ki soti nan Bondye.

- ▶ “Lespri Bondye a te la pou blese ak geri” se yon fraz ke John Wesley te konn itilize byen souvan. Lespri Bondye a “blese” nan sans pou pote yon konsyans de peche...
- ▶ Nan Travay 2:37, “Kè yo tout te boulvèse”.
 - Siyifikasyon:
 - frape fò oswa pike avèk gwo vyolans
 - pou konfonn

Epi men Pòl — Lè sa a, yo te rele I SÒL — li menm ki te fè fas a fas ak reyalyte a. “Sòl, Sòl! Pou kisa w’ap pèsekite mwen konsa?”

Sa a se yon MOMAN PA BONDYE ki te sonm anpil!

Reyalyte a te parèt devan de je Pòl: **W’ap plede pèsekite mwen!**

PIKE — Li difisil pou ou “choute kont gwo fòterès sa”.

[Ilustrasyon: Yon istwa Bondye ki revele pèdiksyon espartyèl yon moun.]

Nan gwo favè li, Bondye kontinye ensiste pou l fè fas ak reyalyte nan lavi nou tou antan ke kretyen.

Akolad ki soti nan Bondye

Dezyèm travay lagras la se twouve nou nan yon moman kote ke nou kapab kite chak ang nan defans pwòp tèt nou-epi mèt tout sa ke nou posede.

[Ilustrasyon: Tounen al gade youn nan temwayaj ki te pataje anlè a nan retrèt la. Fè yon rapèl pou moun k’ap koute a sou difikilte ak doulè moun nan pou rekonèt reyalyte finansye yo.]

Alò! Fè fas kare ak vin mèt sa ke nou dwe posede kapab bay gwo panik ak dekourajman. John Wesley te dekri konsekans li yo an tèm de doulè.

Retounen nan Pòl k’ap rakonte istwa l bay wa Agripa:

- ▶ “Koulye a, leve kanpe sou de pye ou”.
 - Kisa ki pral rive aprè? Ki lòt pawòl li pral tande?
 - Pòl pa konnen!

- “... kanpe sou de pye ou. Mwen te parèt devan ou:
- li tout lis akizasyon ak vèdik kilpabilite kont ou
 - pou pote devan ou lide imaj figi chak moun ou te menase oswa pèmèt yo bat oubyen touye
 - pou ba ou sa ou merite”.

Men, se pa sa k ap pase!

Olye de sa, Pòl fè eksperyans sa a ke nou menm nou fè tou lè ke nou sibi netwayaj, lè ke nou kanpe la epi kite limyè Bondye a penetre nan tout espas...

Lè nou fè sa, nou eksperimente **akolad ki soti nan Bondye a**.

Nou pa fè sa, epi nou pap janm fè sa nonplis, jwenn gras Bondye a nan tout mayifisans li jiskaske nou posede sa nou dwe posede a.

Men, lè nou mèt sa ke nou dwe posede, gras Bondye a deplase soti nan tèt nou pou l antre nan kè nou. Epi an mezi ke n’ap viv akolad Bondye a, nou antre nan yon libète ak otantisite ki retabli kè kontan ak espwa ... ak kouraj ... ak yon kapasite pou sa ke Eugene Peterson rele “Yon obeyisans ki long nan menm direksyon an”.

Yon mo ke mwen renmen ki espesyalman nan tradiksyon NVE la — yon mo ki kapte sansasyon tèks grèk la — se mo **KOUNYE A**.

Envitasyon ki soti nan Bondye a

Premyèman, **boulvès ki soti nan Bondye a**: Bondye montre nou reyalite kiyès nou ye oswa sa ke nou te fè. Apre sa a, se **akolad Bondye a**. Menm lè nou wè reyalite nou an, Bondye antoure nou ak gras san parèy sa. E **KOUNYE A**, **envitasyon diven an**, yon envitasyon imedyat pou leve. Epi se **envitasyon** sa a ki soti nan Bondye ki lakoz ke nou tout isit la jodi a.

Envitasyon diven an: “Koulye a, leve epi kanpe sou pye ou”. Nou pa bwate anba pèz reyalite a, men nou kanpe avèk fòs Bondye bay nan pawòl li ki gen pou wè avèk objektif li ak prezans li.

Remake envitasyon an ak espwa a nan Travay 26: 16-18, 22. **Li kounye a** se yon karakteristik nan gras Li.

Mwen envite ou nan “kounye” Bondye a.

- ▶ Nan basen soufrans lan,
- ▶ soti nan modèl devyasyon an,
- ▶ soti nan jwèt kilpabilite a,
- ▶ soti nan dezespwa panse viktim nan...
- ▶ malè pou kounye a, moman nouvo ke Bondye bay la.

Wi, LI BAY LI. Se pa yon rekonpans pou bon konpòtman. Li se yon kado ... epi li se yon kado ki chè anpil; se pa yon ti kal pen, yon ti ekspresyon mesken ki soti nan Bondye pou akonpli obligasyon li yo pou l aji kòm Bondye gras ak kè poze a.

Li se yon kado ki soti nan yon Papa ki gen jenewozite k’ap koule lanmou ki pa kontamine ak rann moun koupab.

Epi kado sa a se pou ou. Jan ke ou ye a; avèk istwa ou an, bagay ou yo, ti mòn ou poko monte yo, laperèz ou yo pou echwe ankò, feblès ou yo. Epi asireman, se pou ou KOUNYE A!

[Ilustrasyon: Imajine w yon akolad epi ou anbrase tèt ou... ou mete tout bagay ou yo epi sèvi ak tou de bra w yo pou w remèt akolad la!]

Soti depi nan akolad gras ou a, mwen kite tan pase a ale.

Soti depi nan akolad gras ou a, mwen fè w konfyans ak avni an.

Nou tout leve kanpe epi repete ansanm:

“Mwen gen èd Bondye depi nan jou sa menm, epi se poutèt sa mwen isit la ... nan moman gras li a”.

“Mwen gen èd ou, Bondye, nan jou sa a menm, e se pou sa mwen isit la ... nan moman gras ou a”.

Tranzisyon pou kominyon

Anèks K: Lòt materyèl bidjè yo

Pratik nan planifikasyon: Bati yon Egzèsis Bidjè

Fèy travay Dave Ramsey / *Financial Peace University* [Inivèsite pou lapè finansye]

▶ daveramsey.com/askdave/other/useful-forms

Crown Financial fèy travay bidjè a


▶ crown.org/resources/estimated-budget-worksheet

Fèy kalkil Eksèl pou administrasyon dèt la

▶ vertex42.com/Calculators/debt-calculators.html

Zouti bidjè “Ron Blue Institute” [Enstiti Ron Blue] a

▶ ronblueinstitute.com/tools



Anèks L: Alyans kòwòt la



Kontra kòwòt la

Mwen rekonesan rekonèt gras Bondye ke mwen te resevwa nan konvèsasyon onèt ak konpasyon ak akonpayman yo pandan tout fen semèn sa a. Mwen deklare ke mwen pare pou mwen apresye don pou mwen genyen bon konprann, resous ak ankourajman mwen te resevwa lè mwen te antre nan alyans sa a avèk moun ki siyen yo, konpayon mwen yo, ki pataje pasyon mwen pou onore dominasyon Jezi nan tout aspè nan lavi mwen.

- ▶ Mwen fè alyans pou mwen onèt e transparan avèk lòt moun nan kòwòt mwen yo sou pwogrè mwen nan aplike avèk dilijans pwochen etap mwen te siyen yo, aplike sa mwen te aprann, ak pèsevere nan etabli priyorite ak disiplin ki pral fè glwa Bondye manifeste.
- ▶ Mwen fè alyans pou mwen ankouraje ak yon patnè responsab fidèl ak lòt moun nan kòwòt mwen an epi kenbe konfidansyalite sof si mwen te resevwa pèmasyon pou rakonte lòt moun sa ki te pataje avèk mwen yo.
- ▶ Mwen fè alyans pou m priye pou moun ki nan kòwòt mwen yo epi pou m kominike avèk yo nan lapriye mwen ak nan enterè vwayaj yo.
- ▶ Mwen fè alyans pou m patisipe nan reyinyon, pou pi piti, yon fwa chak mwa pandan douz mwa k'ap vini yo, pa telefòn oswa pa kèk mwayen elektwonik, kòm yon pati nan angajman mwen pou rete fidèl a alyans sa a.

Pastè

Konjwen

Kòwòt pou sipò:

Non:

Telefòn:

Imèl:

_____	_____	_____
_____	_____	_____
_____	_____	_____
_____	_____	_____

Anèks M: Deskripsyon travay lidè kòwòt la

Bay yon lidè oswa lidè kòwòt nan chak kòwòt RTN. Moun sa a (yo) ap responsab pou fasilite reyinyon alè e efikas. Malgre ke nan kòmansman nou te konsidere fè yon patisipan kòwòt responsab pou planifye ak fasilite reyinyon yo chak mwa, nou te deside gen yon lidè retrèt / koup ki pou ranpli wòl sa a. Ki baze sou eksperyans pa nou, kounye a nou kwè ke se te desizyon ki kòrèk la.

Modèl kòwòt RTN la travay pi byen ak lidèchip yon moun ke manm kòwòt yo byen konnen ak fè konfyans. Lidè kòwòt la ka yon moun oswa yon koup marye, men li trè rekòmande pou gen yon koup ki marye.

Responsablite kòwòt RTN (yo):

- ▶ Pwograme yon reyinyon chak mwa ki pèmèt minis patisipan yo ak mari oswa madanm yo patisipe.
 - Reyinyon fas-a-fas yo pi preferab si tout moun abite tou prè. Pataje yon repa ansanm kapab ogmante pwofondè relasyon an tou.
 - Videyo konferans (Zoom, GotoMeeting, elatriye) se yon platfòm efikas lè tan oswa distans lan se yon pwoblèm.
- ▶ Kòmansman oswa fini sesyon yo avèk lapriyè epi kenbe yon lis priyè. (Yon aspè enpòtan nan eksperyans kòwòt la se rantre nan sipò ak lapriyè youn pou lòt).
- ▶ Fasilite yon tan pou chak koup ministè yo pataje siksè yo, echèk yo, defi yo, pwogrè nan pwogram COMPASS Journey, angajman legliz lokal yo ak byennèt an jeneral.
- ▶ Kenbe dewoulman reyinyon an pandan ke w'ap kèk moun pataje ak lòt moun ki pat patisipe depi byen lontan.
- ▶ Swiv byen si genyen moun ki manke nan reyinyon an.
- ▶ Jwe wòl ANIMATÈ.
- ▶ Piga w janm pwojte WONT.

Modèl kòwòt la te gen anpil siksè, men li depann konsiderableman sou efò lidè kòwòt la. Malgre ke wwayaje ak koup ministè yon fwa chak mwa pou yon ane konplè se yon angajman enpòtan, li ekstrèmman rekonpanse tou. Chwazi lidè kòwòt ou yo ak anpil atansyon epi ankouraje yo souvan.

Anèks N: Fòmilè piblikasyon kòm echantiyon

Konsantman, egzansyon ak liberasyon

Mwen, _____, bay Legliz Nazareyen, Inc, yon sosyete san bi likratif Missouri, ak anplwaye li yo, ofisye yo, ajan yo ak responsab (ki refere kòm "Legliz Nazareyen"), dwa pou itilize, repwodui, adopte, distribye ak pibliye foto, videyo, odyo oswa kontni ki gen rapò ("kontni") pran pa Legliz Nazareyen nan dat _____, 20_____, oswa ke mwen te pran poukont li epi volontèman soumèt bay Legliz Nazareyen pou itilize pa nenpòt moun nan ministè Legliz Nazareyen yo avèk objektif pou enfòmasyon ak fè pwomosyon travay la nan Legliz Nazareyen ak ministè li yo.

Mwen konprann epi mwen dakò ke kontni an (yo) ka itilize an antye oswa an pati nan nenpòt ki lè, nan fòm konpoze oswa defòm, an koulè oswa otremman epi yo ka pibliye nan nenpòt mwayen ki gen ladan li, men pa limite a sa sèlman, enprime mwayen, videyo, ak / oswa sou entènèt la.

Mwen renonse nenpòt dwa pou enspekte oswa apwouve nenpòt pwodwi fini, piblisite oswa lòt kopi ke kontni an itilize.

Mwen dakò pou m dedomaje Legliz Nazareyen kont nenpòt reklamasyon, pèt, jijman, règleman, depans ak frè rezonab legal, ki fèt pa Legliz Nazareyen nan rezon de nenpòt reklamasyon nan ka envazyon nan vi prive oswa peche kreye nan pran an oswa piblikasyon kontni an). Mwen dakò tou pou m dedomaje Legliz Nazareyen pou nenpòt kantite lajan sa yo ki rive nan vyolasyon mwen nan nenpòt alyans, reprezantasyon oswa garanti nan akò sa a.

Mwen konprann ke kondisyon ki nan dokiman sa a se kontra epi yo pa yon resital sèlman, ke enstriman sa a legalman obligatwa, e ke mwen te volontèman siyen dokiman sa a.

MWEN GENYEN TOUT ENFÒMASYON KI GEN POU WÈ AVÈK SA KI ANDEDAN KONSANTMAN SA A, ABANDON AK LIBERASYON KI LI ANVAN POU M TE SIYEN L NAN NON MWEN AK NON ERITYE MWEN YO.

Pa

Non enprime

Adrès

Vil / Eta / Zip

Telefòn

Dat